# АДАМ ҲӘМ ЖӘМИЙЕТ КУРСЫ БОЙЫНША ҚОСЫМША ОҚЫЎ ҚОЛЛАНБАСЫ



Өзбекстан Республикасы билимлендириў орайы тәрепинен питкериўши класслардың оқыўшылары ушын қолланба ретинде усынылған

*Авторлар жәмәәти:*

**Симона Роберто** — *ХҚАК делегаты, жойбардың басшысы*

**Ғазиева С. Т.**

**Овчаренко О. А.**

**Хукумов А.**

**Саидов Р. И.**

**Шорин С. С.**

**Турсунов Б. Э.**

*Пикир билдириўши:*

Жалалов А. М. — *ӨзИА И. Муминов атындағы философия ҳәм ҳуқық институтының директоры, философия илимлериниң докторы.*

Бересвиль Эдит — *жойбардың мәсләҳәтшиси, ХҚАК ниң жаслар менен ислесиў бөлиминиң баслығы (Женева)*

Александро Димитрий Ройтер — *ХҚАК делегаты.*

*Қарақалпақ тилине аўдарғанлар:*

Қосымбетов И., Қарлыбаев Ә., Жаримбетов М.

*Безеўшилер:*

Карпузас Маркос, Баклыкова Ольга.

*"Адам ҳәм жәмийет" курсы бойынша қосымша оқыў қолланбасы //Симона Роберто, Ғазиева С.Т., Овчаренко О.А. ва бошқ.; Қарақалпақ тилине аўдарғанлар: Қосымбетов И., Қарлыбаев Ә., Жаримбетов М./. -Т.: Ғ. Ғулам атындағы әдебият ҳәм көркем өнер баспасы, 1999.-96 б.*
*I. Симона Роберто ва бошқ.*

*Авторлар жәмәәти усы қолланбаны таярлаўда көрсеткен жәрдемлери ушын* ***М. Ш. Қадироваға, С. Г. Ганиеваға, Г. Б. Шоумаровқа, Н. Н. Нарқуловқа, В. О. Костецкийге,*** *сондай-ақ қолланбаны сынаўдан өткериўге қатнасқан Өзбекстан Республикасы мектеплериниң муғаллимлерине ҳәм оқыўшыларына алғыс айтады.*

60я721

4306020000 - 39
M 352 /04/ - 99

SBN 5-635-01759-2

231670 ХР 02 ХР 10

Республ... балалар китапханасы

Т1Ұ

© Халқаралық Қызыл Атанақ Комитети, 1999 ж.

# КИРИСИЎ

*Сизиң қолыңыздағы қолланба жүдә әдеттегидей емес. Ол бийғәрез гуманитарлық шөлкем — Халықаралық Қызыл Атанақ Комитети (ХҚАҚ) ниң басламасы ҳәм Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги менен Өзбекстан Қызыл Ярым Ай Миллий жәмийетиниң қатнасыўында елимиздиң алымлары ҳәм педагоглары тәрепинен дүзилген.*

*Қолланбаның ўазыйпасы — бизиң күнделикли турмысымыздағы әҳмийетли мәселелер ҳаққында ой қозғаў. Адам ҳәм жәмийет арасындағы қатнасларды жақсырақ түсиниў, бул мәселелерди ҳәр тәреплеме көрип шығыў ушын "Адам ҳәм жәмийет" курсы айрықша мүмкиншилик береди.*

*Қолланба еки бөлимнен ибарат. Биринши бөлимде сизге бир қатар тарийхый ўақыяларды көрип шығыў, ал екинши бөлимде сизиң күнделикли турмысыңыздағы мәселелерди таллаў усынылады. Бул қолланбаның мазмуны Өзбекстанның бай тарийхый-мәдений мийрасы ҳаққындағы материаллар тийкарында қурылған. Бунда сиз бир қатар тарийхый шахслардың, белгили алымлардың, философлардың ҳәм ағартыўшылардың жаңа, мүмкин, аз таныс болған ҳәм әдеттегидей емес қырларын көресиз. Олардың өмиринде болған ўақыялар, ислеген ислери, дөреткен мийнетлери ҳәм айтқан сөзлери Орта Азияда гуманизм идеяларының раўажланыў жолы менен танысыўға ҳәм өткендеги менен ҳәзиргини салыстырыўға жәрдем береди.*

*Бул қолланбада авторлар ең алды менен жәмийетлик қатнаслардың бир қатар мәселелери бойынша ой қозғаўға ҳәрекет етти. Мүмкин, олардың бәрине бирден жуўап табылмас, бирақ сизлердиң олар ҳаққында пикир жүргизе баслағаныңыздың өзи жақсы. Ал бундай пикир жүргизиў ушын өзиңиздиң бурын алған билимиңизди, ғалабалық хабар каналлары арқалы еситкен жаңалықларыңызды пайдаланасыз.*

*Жуўмақлап айтқанда, бул қолланбаның мақсети — жәмийеттиң турмыс тәртиплерин белгилейтуғын қағыйдаларды, барлық ўақытларда болып келген, олсыз жәмийетте адамның жасаўы мүмкин болмайтуғын қағыйдаларды орынлаў кереклигин сизлердиң санаңызға жеткериўден ибарат.*

Биринши бап

# ШАХС ҳәм жәмийет





## *УЛЛЫ ИБН СИНА ДӘРБАДӘРЛЫҚТА*

Уллы алым-шыпакер, астроном ҳәм математик, шайыр, сазенде Әбу Әлий Ҳусейн Абдуллах Ибн Сина дүньяға Авиценна аты менен де белгили болған. Ол X әсирдиң ақыры — XI әсирдиң биринши ярымында жасаған ҳәм өзиниң мийнетлерин дөреткен. Ибн Сина өзинен соңғы әўладларға 450 ден аслам шығарма жазып қалдырған. Ал солардан бизлерге шекем жетип келгени 240 қа жақын. Олар илимниң философия, логика, психология, тәбияттаныў, музыка, химия, математика, этика, әдебият, медицина усаған тараўларын өз ишине алады. Оның "Медицина илиминиң нызамлары" атлы классикалық мийнети тап XVIII әсирге шекем медицинаның қәлиплесиўи ушын үлкен әҳмийетке ийе болған. Бул мийнет ҳәзирги күнге шекем өзиниң актуаллығын сақлаўда.

Ибн Синаның заманында Орта Азия менен Иранның тарийхында үлкен ўақыялар болған. Өзиниң ең гүлленген ўақтында Орайлық Азияның пүткил аймағын дерлик ҳәм Ауғанстан менен Иранның әдеўир бөлегин қамтыған Саманийлар мәмлекети усы дәўирде қулаўға қараған еди. Ибн Сина жасаған улыўма жағдай илимий ислер менен шуғылланыўға қолайсыз болды. Көтерилислер, қозғаланлар мәмлекетти ҳәлсиретти. Ибн Сина үзликсиз өз-ара урыслардың ҳәм басқыншылықлардың гууасы болды.

Барлық ўақытларда урыслар апатшылық ҳәм азап-ақыретлер алып келгени ҳәм ҳешқандай гүнасы жоқ адамлар олардың қурбаны болғаны мәлим. Бул адамлардың көплери жан сақлап қалыў ушын баспана излеп өзлериниң үй-жайларын таслап кетиўге мәжбүр болған.

**1.** *Түсиндириң: “Ҳешқандай гүнасы жоқ адамлар” деген сөзлерди сиз қалай түсинесиз?*

Тарийхый дереклер алымның турмыс жағдайын, үзликсиз, мәжбүрий дәрбадәрлық ўақытларында оның көрген қыйыншылықлары менен мүтәжликлерин көз алдымызға келтириўге мүмкиншилик береди. Султан Махмуд Ғазнавий Ибн Синаны оның қарсылығына қарамай Ғазнаға алып келиўге буйрық бергеннен кейин ол қашып кетиўге мәжбүр болды. Алымның қуўдаланыўы узақ жылларға созылды. 25 жыл даўамында ол Гурганж, Гурган, Рай, Хамадан ҳәм Исфахан калаларында, басқа да көплеген үлкен-киши қалаларда болды. Алымның өмири оғада аўыр, дәрбадәрлық пенен өтти. Соның менен бирге оның өмири тынымсыз илимий излениўлерден, дем алыссыз мийнеттен ибарат еди. Ибн Сина бул дүньяда 58 жыл жасап, 1037-жылы 18-июньде қайтыс болды.

## ДӘРБАДӘРЛЫҚ ЖЫЛЛАРЫ

Ибн Синаның дәрбадәрлық өмири Қараханийлер басып алғаннан кейин, өзиниң туўылған қаласы Бухараны таслап кетиўге мәжбүр болғаннан соң басланды. Ол сол ўақытта тәғдирдин оған қуўдалаўдан қашып қаладан қалаға көшип жүриўди, дәрбадәрлық өмирди таярлап қойғанын қайдан билсин?! Ол туўылған елге келиў енди несип етпейтуғынын билмеди.

Ибн Синаның өзи жазған өмирбаянынан:

***“Кейин әкем дүньядан өтти. Мениң көп нерселерди бастан кеширийиме туўра келди. Мен султанның қасындағы лаўазымлардың биреўин ийеледим, кейин Бухараны таслап Гурганжға кетиўге мәжбүр болдым. Ол ўақытлары Гурганжде илим қайырхомы Әбу аль-Хусейн-ас-Сухейли ўәзир еди. Мен фақиҳ* кийимимде Гурганждың әмири Әли Ибн Мамунның алдына бардым. Ол маған бар уқыбыма ҳәм билимиме ылайық ис ҳақы белгиледи”.***

Хорезмде Ибн Сина өз билимин жетилистириўди даўам етти. Илимий айтысларда өз идеяларын өткирлестирди, шыпакерлик тәжирийбесин байытты. Бирақ оның Гурганждеги табыслы дөретиўшилик хызмети узаққа созылмады.

Бухарадағы сыяқлы Хорезмде де Ибн Сина өзин қәўип-қәтерсиз сезе алмады: оған Хорезмшахтан алымларды Ғазнаға жибериўди талап еткен Ғазна султаны Махмудтың қолына түсиў қәўпи қайтадан туўды.

* *фақиҳ — мусылман ҳуқықы тараўындағы билимли адам.*

Ибн Сина Махмудтың хызметине барғысы келмеди ҳәм өзининң кәсиплеси — алым Әбу Сахлам Масиҳий менен бирге Хорезмнен Қарақум сәҳрасы арқалы қублаға қарай қашты.

**2.** *Қандай себеплер менен адамлар өзлериниң үй-жайларын, Уатанын таслап кетеди?*

## ҲӘР ҚЫЙЛЫ ДӘЎИРЛЕРДИҢ ПОСҚЫНЛАРЫ

**Ибн Синаның сәҳра арқалы жүрген жоллары ҳаққындағы үзинди В. Воскобойниковтың тарийхый дереклерге ҳәм фактларға тийкарланған "Уллы шыпакер" атлы шығармасынан алынды.**

"Күнниң ыссылығы азлап пәсейгеннен кейин олар түйелерин турғызып, тағы жолға раўана болды. Әдепки ўақытта олар самалды байқаған жоқ, себеби самал олардың арқасынан есер еди. Бир ўақытта жол көрсетиўши әтирапқа қарап: "Дүбелей, ҳәзир дүбелей болады" деди. Олар қумға секирип түсти де, түйелерди зорға шөктирип үлгерди. Бирақ жүклерди түсирип үлгермеди. Аспанға көтерилген шаң қап-қара диййуал болып олардың үстине қарай төнип киятыр. Дүбелей күнниң көзин көрсетпей қаплап, айнала тас қараңғы болып қалды. Жақын жерде майда шөплерден басқа паналайтуғын ҳеш нәрсе жоқ. Олардың тығылып отырған жери самал дарый алмайтуғын ық, бирақ тым-тырыс ҳәм қорқынышлы жер еди. Дүбелей кем-кемнен жақынласып киятыр. Мине ол жетип те келди. Шаң уйытқыған дүбелей даўыл олардың үстине төнип, көзлери көрмей, қулақлары еситпей қалды. Әбу Әлий түйениң ығына тығылды. Қулақларына, мурнына қум кирип, дем алыўға мүмкиншилик бермеди.

Дүбелей қалай бирден көтерилген болса, тап сондай бирден тынды. Әбу Әлий басын көтергенде аспанды түн қаплап, жулдызлар шыққан еди. Өның қасындағы ғарры Масиҳий менен жол көрсетиўши де қумның астынан шығып, бойын тикледи. Қараса түйелердиң биреўи жоқ болып шықты. Жоқ болғанда да суў менен аўқаттың тийкарғы бөлеги жүкленген түйе жоқ болып шықты.

Шөреклерге майда қумлар жабысып қалған. Тислер жеркенишли қышырлайды. Басқа жейтуғын нәрсе жоқ. Күн оғада ысыған ўақытта ғарры Масиҳий азғантай суў ишип алыўды усыныс етти.

— Мениң ишким келип турған жоқ, устаз, сен ише ғой, — деди Әбу Әлий шөлден кепкен аўызын зорға ашып.

Масиҳий де ишпеди. Әбу Әлий оған зорлап бир-еки жутым суў ишкизди. Суў жәрдем етпеди.

— Бийкар шығын, суў еле сизлерге керек болады, — деди Масихий.

Әбу Әлий оған кеўил көтергендей сөзлер менен жуўап бермекши болып еди, бирақ өзиниң кепкен тамағынан бир-еки қарлыққан сести зорға шығарды.

Ертенине Масихий орнынан тура алмады. Кейин сандыраклай баслады. Арасында ол есине келип, сөзлерди анық айтыўға ҳәрекет етип, өзин усы жерде қалдырып кетиўди өтиниш етти.

— Сизлер еле көп жол жүриўиңиз керек, бул жерде ўақтыңызды ҳәм қалған күш-қуўатыңызды бийкарға жоқ қылмаң, ал мен енди ҳешжаққа да жүре алмайман, — деди Масихий.

Әбу Әлий ҳеш илаж ете алмай, қолын қаўсырып үнсиз қасында отыр. Ҳешқандай дәри жәрдем бере алмады. Ең жаманы — қасында адам қыйналып жатырғанда оның жағдайын жеңиллестире алмағандағы илажсызлық сезими екен.

...Жол көрсетиўши менен бирге ол Масихийдиң денесин гөрбарлар тартып кетпейтуғындай етип қумға терең етип көмди.

Бир күннен кейин олар екинши түйеден де айрылды."

**Хорватиялы бир ҳаялдың "Панорама" журналында (ҲҚАК, 1996, Женева) басылған гүрриңинен:**

"Мен үй-жайды таслап кетиў мүмкинлиги ҳаққында талай рет гүрриңлескенмен, бирақ барлық ўақытта мен өзим ҳеш қашан бундай шешимге келе алмайман деп исенетуғын едим. Себеби өз жайымды тийкарынан өз қолым менен қурғанлықтан оғада жақсы көретуғын едим ҳәм оны таслап кетиў маған ақылға сыймайтуғын нәрседей көринетуғын еди.

Мен ҲҚАКде жумыс ислеген үш жыл ишинде урыс майданына жақын елатларда жасаўшы адамлар менен жийи ушырасып турдым. Оларды да сол ой — өз басының қәўипсизлиги ушын үй-жайларын, бәлким, биротала таслап кетиў ҳаққындағы ой қыйнайтуғын адамлар еди.

Ҳәр сапары бул жағдай басқалардың басына түскенин көргенимде мен өзиме сол бир сораўларды: "Мен өзимниң пүткил өмиримди бир-еки полиэтилен қалтаға тыға аламан ба? Мен алып кететуғын затларымды түйистиргенимде өзимниң барлық естеликлеримди — сүўрет альбомларымды, байрамда жаятуғын дәстүрханымды, өзимиздиң бағдан үзилген розаны салып қойыўды сондай жақсы көретуғын кишкентай хрусталь вазамды сыйдыра аламан ба? Кемпир апамның утюгин не қыламан? Оған байланыслы қанша еске түсириўлер бар. Жаңа гилемимди не қыламан? Ол

дәлизге кирген жердеги нағыслы кафельлер төселген еден менен сондай жарасып турыпты. Үстине қызыл нокатлар салынып, ақ мақпалдан исленген күшигимди таслап кетемен бе? Мениң баламның жасы нешеде болса, оның алынғанына да соншелли жыл болды. Суп-сулыў кофе ыдысларымды не қыламан? — деген сораўларды беретуғын едим.

Мине бир күни мениң де нәўбетим келди. Мен асығыс түрде бирлиярым кийимлерди салыстырдым да үнсиз жылап жибердим. Мени бундай шешимге келиўге мәжбүрлегенлерден бул естен айырылыўшылықты тоқтатыўды, адамларды бул апаттан қорғаўды сорап жалбарындым.

Туўылған жер алыслап көзден ғайып бола баслағанда, өзимниң сүйикли жайыма, аўылыма ең соңғы рет нәзер таслағанымда, өзиме “Мен енди буларды қашан болса да қайтып көрермекенмен?” деген сораў берип, жүзимди басқа жаққа бурдым.”

**3.** ***Бул үзиндилерде көрсетилген азаплардың барлық түрлерин шәртли рәўиште бөлип көрсетип, кестени толтырың.***

| Азаптың түрлери | 1-тексттен | 2-тексттен |
|---|---|---|
| 1. Тән азабы | | |
| 2. Психологиялық азап | | |
| 3. Материаллық жоғалтыўлар | | |

**4.** ***Сиз азаптың қайсы түрлери адамға ҳәммесинен бетер тәсир қылады деп есаплайсыз?***

Ибн Синаның дәрбадәрлықтағы бул ретки соңғы тоқтаған жери Гурган ўәлаятының орайы Гурган болды. Ибн Сина бул жерде кәўендерлик табаман деп исенди. Алым бул жерге келип кәрўансарайға орналасты ҳәм адамларды емлеў менен шуғылланды.

Усы жерде Ибн Синаға Жузжаний деген адам қосылды. Кейин ол шәкирти ҳәм садық достына айланды. Ол устазының айтып отырыўында оның дөреткен шығармаларын жазып баратуғын болды. Бирақ буның менен Ибн Синанын қыйыншылықлары, кемтаршылықлары питпеди. Ол Гурганнан да кетип, Райға, кейин Хамаданға барыўға мәжбүр болды.

Ибн Синаның өзи жазған өмирбаянынан:

***“Кейин мен Наса қаласына, оннан Бабардқа, оннан кейин Тусқа, соң Шиканға (Шакканға) кетиўге мәжбүр болдым. Бул жерден Саманғанға, оннан Жажерумға бардым. Усы жерден Хорасан шегаралары басланады. Соң Гурганға бардым. Мениң арзыўлы әрманым Әмир Қабусқа барыў еди. Бирақ тап сол ўақлары Қабусты услап, қорғанлардың биреўине қамап қойған екен. Ол сол жерде олди”.***

**5.** *Қандай тарийхый ўақыялар Ибн Сина менен Масиҳийдың басына түскен азапларға себеп болды? Сизлер ҳәзирги дүньяда адамлардың азапланыўын келтирип шығаратуғын усыған уқсас ўақыяларды билесизбе?*

Ғалаба хабар қуралларынан алынған төмендеги үзиндилерди оқып шығың. Оларда баянланған азапларды анықлаўға ҳәрекет етиң.

### АФРИКА
*Дем. Конго (бурыңғы Заир)*

Топылыс еки күн бурын болған еди. Аўыл ўайран етилген, үйлер өртелген, жыйнап алынбаған зүрәәт атызларда қалып қойған, енди бул өнимлер тек ширип қалады. Ҳәмме халық албырап, тым-тыракай қашып кете баслады. Мектептин қасында адамлар әтирaптын қарап болған қорқынышлы көринисин көрип, өзлеринде пайда болған үмитсизлик жағдайында өз-ара сүйеў болғандай, бир-бирине үнсиз тығылады.

Топылыс ўақтында көп адамлар қаза тапты ҳәм жара-

### АЗИЯ
*Тажикстан*

Тажикстандағы 1992-жылғы қайғылы ўақыялардан кейин бир неше он мыңлаған адам үй-жайларын таслап кетиўге мәжбүр болды. Олардын көбиси Аўғанстан менен шегарадан өтип сыртқа кетти. Басқалары Тажикстанда қалып Памир Таўларында, Таўлы Бадақшан районы аймағында баспана тапты. Ҳәзир бул посқынларды елдиң қубласына, өзлериниң бурынғы мәканларына қайтып келиўге шақырып атыр.

Қайғылысы сонда, қайтып келген посқынлардың көпшилиги өзлериниң жайларының

### ЕВРОПА
*Югославия*

Югославия Федеративлик Республикасында неше мыңлаған шаңараклар Босния менен Герцоговинаны таслап келген туўысқанларын ямаса басқа мүтәж адамларды ашық кеўил менен өзлериниң үйлерине қабыл етип атыр. “Бизлер оғада миннетдармыз” дейди Мария. “Жергиликли ҳәкимиятлар да, қоңысы ҳәкимиятлар да өзлериниң мүмкиншилигине қарай жәрдем берип атыр. Бирак бундай жәрдемлер тек қыска мүддетке берилетуғын шығар деп ойлаймыз. Келешекте қалай өлмей аман

ланды. "Мен ғарры адамман, тез жуўыра алмайман. Кеше олар келгенде олардың жүзлеринен мени өлтирежақ екенин сездим", — дейди бир ғарры. Жанған жайлар, өмири сол әтирапта өткенликтен көзине ысық болған, хәзир болса қанға боялған төбеликлер, өзи менен жүзбе-жүз келип қалған өлим ҳаққында сөз еткенде ғаррының даўысы қалтырап кетеди.

**ХҚАК "Панорамасы", 1996-жыл.**

толық қыйрағанының ямаса басқалардың кирип алғанының үстинен шығып атыр. Олар туўысқанларының ямаса қоңысыларының үйлеринде артықша мусаллат болып жасаўға мәжбүр болып атыр.

**"Challenges", 1994**

қалатуғынымызды билмеймиз" деп гәп қосады Зарько.

**Red Cross Crescent, 1997, №3.**

**6.** *Кестеге ҳәм усы мақалаларға сүйенип, бундай азапларды болдырмаўға қандай қағыйдалар жәрдем бериўи мүмкин екенин айтың.*

## ЖОЛ АЗАПЛАРЫ

**А. Салдадзениң "Ибн Сина (Авиценна): уллы өмир бетлери" китабынан үзинди:**

*"...аш ҳәм ауырыў адамлар аламаны менен бирге Ибн Сина Тусқа қарай жүрип баратыр. Арқасында еки қап бар. Биреўине өзиниң, екиншисине Масиҳийдың шығармаларының қолжазбалары салынған.*

*...Ибн Сина ел гезиўши дәрўишлерге арналған ханакада, жолда терип алған тамырларды шайнап отырып "енди қайерге барсам екен?" деп ойлайды. Ханаканың сыртында өткен ақшамда өлген адамлардың өлигин өртеп атыр. Ибн Сина өзиниң шыпакер екенин сыр сақлады ҳәм адамларды емлеўге ашық кирисе алмады. Ақыры, оны биреўлер бир қалта гәллеге ҳәкимиятларға сатып жибериўи мүмкин еди. Бирақ адамлардың шегип атырған азапларына бийпәрўа қарап отыра бериўге де шыдамы жетпеди.*

*Сонда Ибн Сина қосық жазып, оны адамлар арасына тарқатып, олардың биреўлеринде тек қайнаған суўды ишиўди усыныс етеди. Тағы биреўлеринде аўырыўдың хаўа ҳәм суў арқалы жуғатуғыны ҳаққында ескертеди. Оның микроблар ҳаққындағы болжаўлары Луй Пастерден 800 жыл бурын айтылған... Ибн Сина ағаш тамырларын, қабықларын, өсимлик тамырларын жеп, ең соңғы күшлерин салып қолжазбаларды арқалап тағы еки күн жол жүрди. Махмудтың аңлыўшыларынан қорқып Нишапурға кирмеди. Адамсыз бир аўылда тоқтады. Хусейнның жаның аўыр сағыныш, үмитсизлик қыйнар еди. Шаршап диңкеси қурыған, Қарақум әптабына күйип қап-қара болған Ибн-Сина адамсыз жым-жырт көше менен қиятыр. Қасында иниси ҳәм сүйикли шәкиртиниң жоқлығы Ибн Синаның жеккелигин шыдап болмас дәрежеге алып келди".*



**7.** *Ибн Сина посқынларға қандай жағдайларда қалай жәрдем көрсетти?*

Гейде өз аймағына посқынларды қабыл етиўди қыйынластыратуғын белгили бир жағдайлар да пайда болады.

**8.** *Қандай жағдайларда адамлар посқынларды қабыл етиўден бас тартыўға мәжбүр болады?*

...жийи жағдайда ҳәрқыйлы еллерге келетуғын посқынлар менен мигрантлар арасында этникалық байланыс ҳәм тиккелей туўысқанлық та болады. Бирақ экономикалық турақсызлық, жумыссызлық, социаллық қорғаў системасының бузылыўы усаған ҳәрқыйлы себеплерге байланыслы бул еллердиң посқынлар менен мигрантлардың жаңадан келетуғын ағымларын қабыл етиўи аңсат болмайды. Жаңадан келген посқынлар бул жердеги социаллық, мәдений ҳәм сиясий жағдайды қыйынластырыўлары мүмкинбе? Бул сораў өзиниң ғәрезизлигин беккемлеўге умтылып атырған еллер ушын әпиўайы сулыў сөз емес. Егер мәмлекеттиң шегарасы посқынлар ушын ашық болса, онда мигрантлар ағымын қалай қадағалаў ҳәм өз аймағында тәсир жасай алатуғын ҳәкмятты қалай сақлап турыўы мүмкин?

**Réfugiés, Genève, 1997**

Посқынлар арасындағы өз-ара қатнаслар да мудамы парахат бола бер-мейди. "Посқынлардың бир-бирине дослық қатнаста болыўы сийрек ушы-расады" — дейди М. Сига. Посқынлар-дың лагеринде өз-ара қатнаслар қайта тәртипленеди. Иерархиялар пайда бо-лады. Кланлар ҳәм этникалық топар-лар арасында гүреслер шығып турады, посқынлар ҳәм жерғиликли халық арасында жәнжеллер де келип шығыўы мүмкин.

Заирда болғаны сыяқлы, басқа халықлардың ўәкиллеринен ямаса душпанларынан ибарат болған по-сқынларды жаман қабыл етсе де, 80 жыллары Сальвадорда болғанындай посқынлар айрым ўақытлары агресси[в] ҳәрекетлер жасаса да, айрым ўақытла-ры он жыллап дәрбадәрлықта жүри[п] бир-биринен пана таўып үйренге[н] Арқа Уганда менен Қубла Судан ха-лықлары араларындағы жәнжелле[р] болғанындай, ҳәммеси жақсы бол[ып] кетиўи де мүмкин.

**Tribune de Genève, 12.IX.19[..]**

! *Бул сабақта оқылған текстлердиң тийкарында посқынлар[ға] жәрдем бериўден бас тартыўға болмайтуғын себеплерди ата[у]ға ҳәрекет етиң.*

80-жыллары пүткил дүньяда посқынлар санының бәрҳама арт[ып] барғаны, ал 90-жыллары олардың санының сәл азайғаны көзге түсед[и]




Кесте: 1978—1998-жылларда дүньядағы посқынлардың саны ( млн. адам)

**The State of the Word's refugees.**
**A Hamanitarian Agenda (UNHCR)**

**9.** *Посқынлардың саны ҳәмме мәмлекетлер ушын тынышсызла-ыў пайда етеме?*

## ТАПСЫРМА

***Усы сабақты жуўмақластыра алатуғын сөзлерди табыўға ҳәрекет етиң ҳәм олардан пайдаланып, темада көрилгенге уқсас жағдайлардағы адам-ның қапалықлары ҳаққында шығарма жазың. Бунда көркем ҳәм публици-стикалық әдебияттан, усындай ўақыяларды көрген, оларға қатнасқан адамлардың гүрриңлеринен пайдаланыңыз.***




## ӘМИР ТЕМУР "БИЙЛИКЛЕРИ" ҚАТАРЛАРЫНЫҢ ИЗИ МЕНЕН

Қәлеген жәмийетте адамлар арасындағы катнас қурамалы ҳәм ҳәр қыйлы болады. Ҳәмме гуманистлик идеалға умтылады, бирақ ҳәр бир адам сол идеалды ап-аңсат бузыўы да мүмкин. Жәмийеттиң үйлесип ҳәрекет етиўи ушын ҳәр бир адамның өзин тутыўы ҳәмме тәрептен тән алынған идеаллар менен қәдириятларға сәйкес болыўы оғада үлкен әҳмийетке ийе. Жәмийет адамға, оның ҳәр бир жағдайдағы (парахатшылық ҳәм жәнжеллер жағдайларындағы, соның ишинде урыс жағдайларындағы) ролине белгили талаплар қойып келди ҳәм келиўде. Бул талаплар көрсетпелерде, қағыйдаларда, әдеп-икрамлық, диний ҳәм мәдений қәдириятларда, сондай-ақ халықлардың дәстүрлеринде сақланған. Соның нәтийжесинде адамзат эволюциясы ҳәр бир жағдайдағы минез-хулық нормаларын, қәде-лерин ҳәм нызамларды топлап барыў қәсийетине ийе. Тарийхтың барысында бул қәделер өзгерип отырады.

Биз адамлардың катнасын тәртиплестирип баратуғын нызам-лар менен қәделердиң әҳмийетин конкрет жағдайлар мысалында та-лаўға ҳәрекет етемиз, сондай-ақ адамның өзин тутыўының тә алынған нормаларының бузылыў себеплери ҳәм механизмлер ҳаққында ойланып көремиз.

Дәслеп адамзаттың өтмиши-не нәзер салып, урыс ўақытлары-дағы апатлардан ҳәм зулымлықла-дан адамларды қорғаўдын үлгиле-рин еске түсиремиз.

Жәмийеттиң раўажланыўы-ның ең дәслепки басқышын-хәзир "тоғай нызамы" деп атал-жүрген жағдай басым болған. Бир

ол дәуирде де, әсиресе отырықшы
алықлар арасында,урыс апатларын
умсартыў ушын исленген хәрекет-
ердин излерин ушыратамыз. Ар-
еологлар неолит дәуиринде саўаш-
а жараланғанларды емлеп күтиў-
ин болғанын көрсететуғын дәлил-
ер тапты. Табылған скелетлердин
өбиси сол ўақытта-ақ суставлар-
ы дүзетиўдин, хәттеки, трепана-
ия* жасаўдың қолланылғанлығы
ақкында мағлыўматлар береди.

Хәзирги дәуирдеғи жабайы
еп аталып жүрген қәўимлерди
изертлеў цивилизацияның басла-
рындағы әййемги адамлардың
өзгешелиғи хаққында бир қатар
түсиник береди. Мысалы, Папуада
қәўимлер арасында өз-ара бәрха-
ма болып туратуғын урысларда
душпанға хәдден тыс жәбир бер-
меў ушын садақ оқларының уш-
лары тисли етип исленбеген.

** **трепанация** — организмниң қандай да бир бослығындағы органларды емлеў ушын оны қаплап турған сүйеклерди кесиў операциясы.*

### 1. *“Тоғай нызамлары” дегенде сиз нени түсинесиз?*

Бизиң эрамыздан бурынғы
000 жылдан 1500 жылға шекем
олған әййемги уллы цивилизаци-
ларда аўхал қандай болған? Бул
әуирде де бир қатар хүкимдарлар-
ын хәм халықлардың гуманитар-
ық ислери сийрек болған болса
, айрықша көзге түседи. Әййемги
гипеттиң “Хақыйқый мийримли-
иктиң жети иси” деген ўәсиятна-
сында **“тутқынды азат қылыўға”**
ақырады, **“душпанынды тойдыр”**
еп үйретеди. Вавилон патшасы
аммурапи: **“Мен бул низамларды
ушлилердиң әззилерди бағындыры-
на жол қоймаў ушын шығар-
ым”**, — деген сөзлер менен басла-
атуғын атақлы кодексин жәрия-
аған. Әдетте гиреўге алынғанлар-
ды төлем төленгеннен кейин азат
ететуғын болған.

Эрамыздан бурынғы бирин-
ши мың жыллықта Азияда гүллен-
ген жаңа цивилизациялар пайда
болды. Персияда патша Кирдин
жараланған халдейлерди* өзиниң
ләшкерлериндей етип емлеткени
ушын атағы көтерилген. Әййемги
Хинд жазба дереклериниң бул
жөниндеги әхмийети кем емес
“Махабхарат” дәстаны хәм бирин-
ши адам Ману хаққындағы аңыз-
ларда сәўлеленген нызамлар жа-
ўынгер ушын кодекс болған: оған
сәйкес жараланып саптан шыққан
душпанды хәм тәслим болғанлар-
ды өлтириў қадаған етилген.

Орта әсирлер... Өзине тән

** **халдейлер** — б. э.ш. 1 мың жыллықтың 1-ярымында қубла Месопотамияда жасаған емит қәўимлери*

Респу... алар китапханасы

өзгешеликке ийе нызамлар шығарғанлардың арасында Әмир Темур де (1336—1405) бар. Тап жақынға шекем тарийхшылардың көпшилиги Темурды бир тәреплеме көрсетиўге умтылып келди. Онының қаталлығы арттырып көрсетилди де, ал онының ҳүкимдарлығының жаңа қурылыслар салыўға қаратылған дөретиўшилик бағдары сөз етилмеди ямаса киширейттирилип сөз етилди. XIV—XV әсирлерде уллы мәмлекет дүзген Сахыпқыран Темур "Бийликлер" деп аталған ҳәм әўладларға қаратылған нызам жыйнағын дәретти. Ол нызамла дың ишинде басып алынған ел ден түскен тұтқынларға қат қағыйдалары айрықша орын ийелейди. "Бийликлер" де Ә Темур мәмлекетлик ислерди жүр зиўдеги әзинин көп жыллық тә рийбесин улыўмаластырған.

Бул ҳүжжетте орын алған тийкарғы пикирлердиң бири мәмлекеттиң гүллениўи әдил н замлардың болыўы менен тик лей байланыслы деген пикир.

?

**2.** *Неге Әмир Темур "Бийликлери"нде тутқынлар менен қан қатнаста болыў кереклиги ҳаққындағы қағыйдаларды киргиз Сизиң бул ҳаққындағы пикириңиз қандай? Төмендеги пунктлер ҳәр бирин тийкарлап бериң ҳәм өз дәлиллериңизди келтириң:*

*— Әмир Темур өзиниң қолына түскен тутқын буннан бы қәўипли душпан емес, енди ол адам ретинде ҳүрметке ылайық еке түсинген;*

*— бир жағдайлар болып, оның өзи де тутқынға түсиўи мүмк*

*— Әмир Темур тири тутқын өлген солдаттан көбирек пайда деп есаплаған.*

**3.** *Орта Азия аймағында сол дәўирлерде урыс тутқынлары гуманитарлық қатнас жасалғанлығы ҳаққында мысаллар келт аласызба?*

Мине биз тутқынға алынғаны себепли қуралын таслаған адамды — солдатты қорғаў мәселеси бурыннан бар екенлигин көрдик. Азапларды жумсартыў ҳәм мақсетсиз өлимлердиң алдын алыў ма қаласы әсиресе XIX әсирде кск лести. Себеби бул дәўир тутаф лықлардың дүньяжүзилик сок ғысыўлары, қуралдың көплеп кы

туғын түрлерин қолланыў ҳәм армияда ғалаба миннетли хызмет етиўдиң ендирилиўи менен жүргилген ғалабалық урыслар дәўири болды. Сол ўақытлары барлық еллердиң ўәкиллериниң қатнасыўы менен конгресс шақырыў ҳәм азапланыўшыларды, қолында қуралы жоқ адамларды урыс жағдайында қорғаўдың бузылмайтуғын халықаралық принципин қабыл етиў идеясын иске асырыў басланды. Усы идея **Женева Конвенциялары*** сияқлы ҳүжжетти дүзиўдиң басламасы болды.

Келиң, ҳәрқыйлы дәўирге тийисли мына еки үзиндини салыстырып, олардағы улыўма белгилерди табыўға ҳәрекет етип көрейик.

** **Конвенция** — халықаралық шәртнамалардың бир түри; Қандай да бир тараў бойынша мәмлекетлердиң өз-ара ҳуқықлары менен миннетлемелерин белгилейди (Женева Конвенциялары ҳаққындағы қосымша мағлыўматларды қолланбаның 68-70 бетлеринен табыў мүмкин).*

***Солдатлар мен ушын гүрести ме ямаса маған қарсы гүрести ме, буған қарамастан, мен оларға ҳүрмет көрсететуғын едим.***

***Мен тутқынларды өлтириўди қадаған еттим. Оларға маған қосылыўды ямаса азат болыўды таңлаў мүмкиншилигин бердим.***

***Егер душпан солдаты саўаш тамам болғаннан кейин... бир зәрүрликтен ямаса өз ерки менен меннен баспана сораса, ол ҳүрмет пенен қабыл етилер, оған үлкен итибар менен қаралар еди. Себеби ол өз ҳүкимдарына ҳәм өз миннетине садықлық көрсетти...***

***Егер әпиўайы солдат өз ўәзыйпаларын бузып, әззиге қол көтерсе, онда ол сол өзиниң қурбанының қолына берилсин, сөйтип оған ислеген ҳәрекетин өзи басынан кеширсин.***

**Әмир Темур "Бийликлеринен"**

Әскерий тутқынларға бәрҳама адамгершилик пенен қатнас жасаў керек. Тутқынлықта услап турған мәмлекет тәрепинен оның қолындағы әскерий тутқынды өлимге алып келетуғын ямаса оның денсаўлығын үлкен қәўип астына қоятуғын ҳәрқандай нызамсыз ҳәрекеттиң ҳәм ҳәрекетсизликтиң болыўы қадаған етиледи.

**13-статья**

Әскерий тутқынлар бәрҳама, әсиресе ҳәрқыйлы зорлық ҳәрекетлеринен, қорқытыўлардан, кемситиўлерден қорғалыўы тийис...

**13-статья**

Әскерий тутқынларға, егер олардың мәмлекетиниң нызамлары жол қоятуғын болса, ҳадал сөзин берип ҳәм ўәде етиўи менен шекленген ямаса толық еркинлик бериливи мүмкин.

**21-статья**

Мәмлекет тазалықты тәмин етиў ушын... Эпидемияның келип шығыўының алдын алыў ушын зәрүр болған барлық илажларды ислеўге миннетли болады.

**29-статья**

Ҳәрбир лагерь тийисли лазаретке ийе болады... Майыпларға қараў ушын айрықша жағдайлар дүзиледи.

**30-статья**

Әскерий тутқынларға хат ҳәм почта карточкаларын жибериўге де, алыўға да рухсат етиледи.

**71-статья**

Шәртнама дүзиўши Уллы Тәреплердиң ҳәр бири жоқарыда айтылған анаў ямаса мынаў жинаятты ислеўде ямаса ислеўге буйрық бериўде айыпланыўшы адамларды, олардың пуқаралық жағдайынан бийғәрез излеп табыў ҳәм өз судына тапсырыў миннетин алады.

**129-статья**

**Әскерий тутқынларға қатнас ҳаққындағы Женева Конвенцияларынан, 1949-жыл**

**4.** *Әмир Темурдиң тутқынларға қатнас қағыйдалары әскерий тутқынларға қатнас ҳаққындағы Женева Конвенцияларында баянланған нормалардан не менен айырылады? Сиз бул айырмашылықларды қалай түсиндиресиз?*

**5.** *Не себеп бул қағыйдалар ҳәр қыйлы еллерде пайда болса да олар XX әсирде улыўма дүнья жүзилик әҳмийеттеги қағыйдаларға айналды?*

**6.** *Әмир Темур еки тәрептиң барлық қурбанларына бирдей қолланыўға болатуғын урысты алып барыў шәртлерин белгилеў ҳаққында ойладыма? Бул ҳаққында ол өз "Бийликлеринде" сөз етеме?*

**7.** *Әскерий тутқынларға ҳүрмет пенен қатнас жасаўдың қандай пайдасы бар? Өзиңиздиң жуўапларыңызды кестеге жазың.*

| Әмир Темур мәмлекети ушын | Ҳәзирги заман мәмлекетлери ушын | Жеке адам ушын |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |

**8.** *Әмир Темур "Бийликлери" (тутқынларға тийисли бөлими бойынша) сол дәўирдиң қәлеген ўақытларында ҳәм барлық шараятларында ҳәрекет ете аларма еди? Өз жуўабыңызды түсиндирип бериң.*

## Мына сүўретлерге қараң:





?

**9.** *Бул мәңгилик қағыйдалардың XIV ҳәм XX әсирдеги бузылыўл рын түсиндиретуғын улыўма себеплерди таба аламыз ба? Не уш адамзат тарийхы бойына әскерий тутқынларға қатнас қағыйд лары жийи бузылып келеди?*

Әскерий туткынлардың жағдайы хаккында хүжжетли гуўалык б латуғын мына текстлерди оқып, бул ўақыялардың катнасыўшылары жөни де қандай мақсет нәзерде тутылғанын анықлаң.

*“Мениң атым 174517, бул жерде маған усындай ат қойды Бул тамға шеп қолымда тап өлгенимизше турады. Биз ауқат тың қәдирин билиуге үйрендик... Ҳәзир мениң қасымдағылард бәри ауқат қуйып алатуғын қырманың түбин пуқталап қыры жеп атыр. Нан жегенде бир де қыйқымы түсип кетпеуи уш қырманы тап алқымның астына тақап услап турасаң. Би быламықты ортадағы табақтың үсти бетинен қуйылғаны алыу менен түбинен қуйылғанын алыудың үлкен парқы бар еке нин әлле қашан билемиз. Биз суйық быламыққа нәубетке дизи генде қай жерде турғанда оның қойыуын алыуға болатуғыны да билетуғын болдық.*

*Мине ҳәзир де бизлердиң ҳәр биримиз қырманың түбин бир тамшы қалдырмау ушын оны ишта менен қырып алып аты мыз. Барлық жақтан металлдың пәс ғаңғырлысы еситтилме те. Бул — күнниң питкенлигин билдиреди.*

*Кем-кемнен тыныштлық басланады. Сол уақытта мен орынымнан қарағанда бүгин өзин алып кетпегени ушын құдай шукирлик айтып атырған Куно көрипеди...”*

**“Егер бул адам болса”, Примо Леви, Ми Эинауди Таскабили, 1989-ж**



*“[illegible] ай даўамында бизлерди түрли қыйнаўларға ҳәм кем-[illegible]иўлерге тусти. Айтыўға мәжбүрлеў ушын нәтийи пәс, адам бойын тиклеп тура алмайтуғын тар телекке қамады. Усы телекте болған уақтымда қорқытыў ушын маған оқ атты. Оқ меннен бир неше сантиметр ғана былай өтти. Бизлерди тек дизерлеп турыў мүмкин болған тар бөлмелерге тығып қойды. Кийим-кеншексиз, аяғымыздағы кисенлер менен тюрьманың жер асты бөлмелерине таслады ҳәм ол жерде адам сүйеклери менен дәретлери арасында жаттық. Бизлерди аяўсыз уратуғын еди. Биразлардың қабырғалары сынды, булшық етлери жыртылды. Адамлар қан түкире баслады... Қамақтағы бир адамды жилли болып кетиўге шекем жеткерди. Ол ҳәзир жиллиханада жатыр. Бизлерге үш күнлеп ауқат бермеди. Кеминде тоғыз күнлеп карцерлерге қамап қоятуғын еди.”*

**“Қуралсыз жаўынгер” Марсель Жюно, ХҚАК, 1996-жыл**

?

**10.** *Әмир Темурдиң “Бийиликлери”не сәйкес орта әсирлерде тутқынға алыўдың мақсетин жоқарыда баянланған жағдайларда нәзерде тутылған мақсетлер менен салыстырыңыз.*

**11.** *Түсиндириң: егер жаўыз душпанлар болса да оларға усындай қатнас жасаўды ақлаўға болама?*

?

**12.** *Жарадар солдатқа, әскерий тутқынға мийримсизлик етиў өз-ара урысып атырған мәмлекетлер ушын пайдасыз болыў мүмкинлигиниң себеплерин атап айтыңыз.*

**13.** *Түсиндириң: ҳәтте егер душпан Женева Конвенцияларының режелерин орынламағанлықта айыпланған болса да солдат адамгершилик минез-қулық нормаларын орынлаўы керекпе?*

Атаклы немец социологы Ханна Арендтың мақаласында келтири[л]ген бир гүрринлесиўден үзинди менен танысың. Мақала АҚШ та 19[..] жылы жазылған.

***"—... лагерде сизлер адамларды өлтиретуғын ба едиңлер?***

***— Аўа.***

***— ...сизлер оларды тирилей көметуғынба едиңлер?***

***— Аўа.***

***—Сиз тәнҳа өзиңиз адамларды өлтириўге қатнасты[ңы]з ба?***

***— Ҳешқандай көмеклеспедим. Лагерде мен тек қазнашы ғана едим.***

***— Болып атырған ўақыяларды көргенде не ойлайтуғын едиңиз?***

***— Әдепки ўақытлары өзимди жаман сезетуғын едим, кейин үйренип кеттим.***

***— Орыслар сизди дарға асатуғынын билесиз бе?***

***Көзиниң жасын тыя алмай:***

***— Не ушын? Мен онша не қылыппан?***

***Ҳақыйқатында да, ол ҳеш нәрсе қылмаған, тек буйрықларды орынлаған... Сонда ол не қылған болады?"***

**"Новое время" журналы, 1993-ж., №3[.]**

**?**

**14.** *Бул диалог гейде адам:*

*— өзиниң жеке исенимлеринен жағдайға байланыслы бас т[арт]тады;*

*— халықаралық Конвенциялардың нызамларын билмейди;*

*— буйрықты орынламаса баслықтың жазалаўынан қорқады;*

*— қандайда бир ҳәрекет ислегенде жуўапкершиликтен қор[ық]пайды деген пикирди аңлата ма?*



**?**

*Жоқарыдағы дәлиллерге өзлериңиздиң қатнасыңызды айтып түсиндириң.*

**15.** *Әскерий тутқын — бул душпан, демек ол ҳүрмет етиўге арзымайды дейтуғын адамға қарсы сизлер қандай дәлиллерди келтирер едиңиз?*

15 ҳәм 16 сораўларға жуўап бергенде Жан Пиктениң "Халықаралық гуманитарлық ҳуқықтың раўажланыўы ҳәм принциплери" (ХҚАК, 1993), Марсель Жюноның "Қуралсыз жаўынгер" (ХҚАК, 1996) атлы китапларында келтирилген статистикалық мағлыўматлар ҳаққында ойланың.

## СТАТИСТИКА

**Екинши дүнья жүзилик урыс тутқынларының улыўма саны:**

Германияда - 5,7 млн.,

СССРда - 3 млн.,

Японияда - 300 мың адам.

**Тутқынлар арасындағы өлим дәрежеси:**

Германияда - 3,3 млн.,

СССРда - 1 млн.ға шамалас,

Японияда - 100 мың адам.

Қәлеген қураллы соқлығыслар ҳәм тәртипсизликлер жағдайында адамлар қамаўға алынып, қамакханаларда сақланады. Олар душпан тәрептиң ҳәкимлеринен болық ғәрезли болады. Бирақ бул адамлар өзлеринин өмирин, инабатын ҳүрметлеў ҳуқықына ийе.

Әдетте қамаўдағылар, еркек болса да, ҳаял болса да, өзлерине жаман катнас жасалыўына, кемситиўлерге, азаплаўларға, сабаўларға гириптар болыўы мүмкин. Оның үстине бөлекленип қалыў, өзиниң келешегине исенимсизлик, үй иши менен байланыстың болмаўы, жасаў жагдайының адам шыдамаслық дәрежеде болыўы, өзлеринше

судлаў нәтийжесинде адамлардың өлиўи, хәтте қырылыўы қосылады.

Ҳәзирги жәмийетте усындай адамларды қорғайтуғын гуманитарлық шөлкемлер бар. Олард... ишинде Халықаралық Қызыл А... нақ Комитети (ХҚАК)* айрық... орын ийелейди.

** **Халықаралық Қызыл Атанақ Комитети (ХҚАК)** — жеке баслама менен дүзилген ...манитарлық шөлкем. Женева Конвециялары тәрепинен өзиниң алдына қойылған уазы...ларды атқаратуғын болғанлықтан ол халықаралық компетенцияға ийе. Женева Кон...цияларының қабыл етилиўине жәрдем еткен. Қураллы соқлығысыўлар болған жағдай... бийтәреп дәлдалшы сыпатында хызмет етеди ("Ҳашар" темасындағы қосымша мағлы...матты қараңыз).*

## СТАТИСТИКА

**1998-жылы ХҚАК 50 елдеги 1260 қамаў орынларында қамаўдағы 189902 адамды барып көрди.**

**16.** *Сизлер қалай ойлайсыз, не ушын ХҚАК делегатлары қамаўдағы адамларды барып көреди?*

**17.** *Урыс ўақтында көп еситилетуғын "УРЫС НЫЗАМЛАРЫН"* БУЗҒАНЛАР БУЛ НЫЗАМЛАРДЫҢ ҚОРҒАЎЫНАН ЖУДА ЕТИЛИЎИ ТИЙИС, деген пикирди сиз қалай баҳалайсыз?*

** **"Урыс нызамлары"** — халықаралық ҳуқықтың гуманитарлық руўхындағы хәм у... ўақтында индивидуумды қорғаўға қаратылған бир бөлими (Ж. Пиктениң анықлаўы б...ынша).*

Және бир мәртебе Әмир Темурдың “Бийликлерин” оқыйық:

***“Мен қандайда бир мәмлекетти басып алсам ямаса ол маған өзи бағынса, мен оны урыстың набыт қылатуғын ақыбетлеринен қутқаратуғын едим. Мен ҳеш ўақытта өшпенлиликке берилген емеспен”.***

**15**. *Әмир Темур нызамларының умытылып кетпеўи ҳәм барлық жерде Женева Конвенцияларының орынланыўы ушын не ислеў мүмкин?*



## ӘЛИЙШЕР НАЎАЙЫ ДӘЎИРИ ҲӘМ ҲӘЗИРГИ ЗАМАН

Хорасан ҳәм Маўараўннахрдың тарийхында орта әсирлер дәўири барлық жағынан оғада қыйыншылықлы ҳәм қарама-қарсылықлы дәўирлердиң бири болып табылады. XV әсирде бир нәўийе орайласқан мәмлекет өмир сүрген жыллар да, питегене тынышлық орнаған жыллар да болды. Соның менен бирге, елге ўайранлықлар алып келген өз-ара урыс-жәнжеллер және шабыўыллар да болды.

Усыған қарамастан, темурийлер мәмлекети жаҳанға әжайып адамларды — бир ўақыттың өзинде ҳәм мәмлекетлик искерлер, ҳәм илим менен мәденияттың уллы ўәкиллери болған әжайып адамларды жеткерип берди. Еки қала — Самарқанд ҳәм Хират алымларды, шайырларды, тарийхшыларды, сазенделерди және сүўретшилерди өзине тартар еди. Бул қалалардың ҳүкимдарларының сарайларында Қазызада Румий, Әлий Қусшы аты менен белгили болған Әлаўатдин ибн Мухаммад, Зияўатдин Жәмшид усаған Мырза Улуғбек пенен "Зижи жәдиди Қурагани" үстинде биргеликте жумыс алып барған астрономлар, Шахрух ҳәм Улуғбек патшалық сүрген дәўирдиң тарийхын жазған Хафиз Абру, Әбдиразақ Самарқандий усаған тарийхшылар, көп сандағы сүўретшилер ҳәм нағыс шеберлери әжайып шығармалар дөреткен. Олардың арасында "Шығыстың Рафаэли" деп аты кешкен сүўретши Камалатдийн Беҳзад та бар еди. Уллы Әлийшер Наўайының өзи "Мәжолисун-нафоис" деп аталған антологиясында өзи менен заманлас ҳәм өзинен бурын жасап өткен бес жүзден аслам шайыр және алымлар ҳаққында мағлыўматлар береди.

Олар өзлериниң хызмети менен еки пайтахттың да мәдений турмысының раўажланыўын белгилеп берген еди.

Илимий излениўлер, философиялық тартыслар жүргизген бул алымлардың арасында, әдебий әнжуманларда ҳәм ҳәркыйлы мәжилислерде қасыйдалар және ғәзеллер оқыған шайырлар арасында Захриддин Мухаммед Бабурдың ***"Бул әлем урыс-жәнжеллер менен мәккарлықларға толы, биреўлер басқыншылық иследи, мәмлекеттен ҳәм халықтан ненидур алып кетти"**** дегени туўралы ой жүўыртқанлар болды ма екен.

* ("Бабурнама". Захир ад-дин Бабур)

1. *Сиз өзиңиз Маўараўннахр ҳәм Хорасанның тарийхындағы бул дәўирди қалай тәрийплейсиз?*

2. *XV әсирде Орта Азия аймағында қандай урыслар болғанын айтып бериңиз.*

3. *Сол дәўир дөретиўшилериниң урыслар, қан төгиспелер гирдабында қалған адамлардың азап-уқыбетлерин баян ететуғын қандай шығармаларын билесиз?*

## СТАТИСТИКА

Адамзаттың соңғы **5000** жыллық өмиринде **14000** урыс болған. Бул урысларда **5** миллиард дерлик адам қурбан болған. Екинши жаҳан урысында **40** миллион адам* өлген.

**Жан Пикте "Халықаралық гуманитарлық ҳуқықтың раўажланыўы ҳәм принциплери", ХҚАК, 1993**



* *Сабақлықтың 64 бетинде Екинши жаҳан урысында қазаланғанлардың улыўма саны ҳаққында мағлыўматлар берилген.*

?

**4.** *Бул санлар сизлерде қандай ой-сезимлерди оятады?*

**5.** *Сизиңше Екинши жаҳан урысының қурбанлары арасында жа... уынгерлер көпшиликти қурайма ямаса пуқара халық па ҳəм не уш... олай?*

## СТАТИСТИКА

Ҳəзирги дəўирде, егер экспертлердиң пикирине исенетуғын болсақ, урыста қурбан болып атырғанларды салыстырып қарағанда əдеттеги урысларда қурбан болған бир жаўынгерге пуқаралардан **10** адам, ал ядро урысында бир жаўынгерге **100** адам туўра келеди екен.

**Жан Пикте "Халықаралық гуманитарлық ҳуқықтың раўажланыўы ҳəм принциплери", ХҚАК, 1993**

СТАТИСТИКА

?

**6.** *Урыс дəўиринде пуқара халық пенен əскерий ҳəрекетлерди... қатнасыўшылары арасындағы парық не ушын əҳмийетли ҳəм бу... парықты белгилеўдиң қандай зəрүрлиги бар? Сизиң бул ҳаққында... пикириңиз қандай?*

Жəне XV əсирге қайтайық... Темурийлер дəўириндеги тарийхый шахслардан бизге ең жақсы таныс болғаны Əлийшер Наўайы. Бүгин биз бул исмди тилге алар екенбиз, не ушын бул инсанның дөретпелери, айтқанлары ҳəм ислеген ислери оның тири гезинде-ақ жүдə кең белгили болып кеткен еди деп ериксиз ойға шүмемиз? Бул сораўға жуўап бериў бир қарағанда жүдə аңсаттай көринеди. Өз дəўириниң салмақлы мəмлекетлик искер... болған Наўайы қурғын хожалық... лы инсан сыпатында өзиндеги ба... лықлардың əдеўир бөлегин ке... бағал, пақыр-пуқараларға берип... қалғанын жəмəəт иморатларының... қурылысына сарыплады. О... мəмлекетти басқарыў исине əд... латлықты өндириўге көп күш жу... сады ҳəм уллы сөз устасы сып... тында бизге үлкен əдебий мийр... қалдырды. Өзи ҳаққында шай...

“Ҳайрат ул-аброр” дәстанында былай деп жазды:

***“Халқымыз кембағаллықта жасағанлықтан мениң кеўилим бир минут та хош болмады. Халқымыз қайғы-ғамның астында қалып езилип атырған соң менде сирә тынышлық болған емес. Усы жағдай мудамы мениң тилкимленген жүрегимди жалын киби жандырар еди...”***

Өз дәўиринин уллы гуманистлик шайыры ҳаққында тек усындай пикирлери ушын ғана сөз етемиз бе? Оның гуманистлиги инсан хаққында қайғырыў менен шеклене ме ямаса ол жәмийетке де тийисли ме? Наўайының дөретпелерин үйрене отырып хәзирги заманымыз ушын тийисли болған қатарларын жүрегимиз бенен сезип хәм түсиниўимиз мумкин бе? Бүгин мине усылар ҳаққында сәўбетлесемиз.

Уллы шайырдын дөретиўшилик үлгилери — мейли ол парсы тилинде болсын, мейли туркий тилде болсын — бир тегис хәм ғөззал тилде жаратылған әдебий шығармалар ғана болып қалмастан, жәмийеттин турмысына тийисли жәмийетлик-сиясий көз-қараслардың беккем бир системасы болып, оларда инсан дүньяның ең жоқары қәдирияты сыпатында түсинилгенлиги сәўлеленип, хәммеси инсан өмири хәм оның бахыт-саадатқа ерисиўи ушын минәсип шараятлар жаратылыўы лазым деген пикирлер менен суўғарылған. Бундай системаның негизги мазмуны ҳәм жөнелислери Наўайының “Ҳайрат ул-аброр” дастанында, “Мақбуб ул-кулуб” атлы прозалық-философиялық, дидактикалық шығармасында ҳәм әсиресе “Саддий Искандерий” дәстанында избе-из ҳәм толық баян етилген. Бизлер ушын шайырдың хызмети, шығармалары жәмийеттеги дүзим, адамлардың өз-ара қарым-қатнаслары, ең әўеле адамның қәдир-қымбаты принциплери ҳаққында пикир жүргизиў ушын кең имканият ҳәм жол ашып бериўи менен де оғада әҳмийетли.

Енди жоқарыда айтылған пикирлерди ашыў ушын сизлер менен бирге Наўайының “Ҳамса”сы қурамындағы “Ҳайрат ул-абрар” дәстанында келтирилген шах Баҳрам ҳаққында әңгиме етилген гейпара бәйтлердиң мазмунын заманымыз бенен салыстырып пикирлесемиз.

*Аң аўлаўдың қызығына түскен Бахрам шах,*
*Адасты ҳәм қалды ҳәммеден жырақ.*

*Бир шатпа тур, мәгар болса ийеси жарлы,*
*Ҳәм еситти биреўлердиң даўысын зарлы.*

*Дийўалларға шаншылған көп санлы оқлар,*
*Өткен басқыншылықлардан айтқандай хабар.*

*Бул қарабаханаларға киргенде Бахрам,*
*Дус болды оған азап шеккен бир талай адам.*

*Сорады ол: "Әй адамлар, бул қандай мәкан?*
*Қандай мийримсизлер еткен бул жайды ўайран?"*

*Жуўап алды: "Бир гезде бул еди қурғын шаңарақ,*
*Қыр әтирапты қоршап турар еди қалың бағ,*

*Ҳәмелдарлар хүжим етип шапты бизлерди,*
*Тонады, қыйратты, көмди каризлерди" **

* *кариз — жер асты қудықлары*

## ӨТМИШ ҲАҚҚЫНДА ОЙЛАНЫП КӨРИН

?

**7.** *Автор бул үзиндиде қандай бүлгиншиликлерди суўретлеп оты*

## БҮГИНГИ КҮНИМИЗ ҲАҚҚЫНДА ОЙ ЖУЎЫРТЫҢ !

*8. Инсанның күн кешириўи ушын зәрүрли болған нәрселердиң дизимин дүзип шығың ҳәм олардың ең әҳмийетлисин тийкарлап бериўге ҳәрекет етиң.*

*9. Қураллы соқлығысыўлардың ўақтында оларды жойылтыў қандай ақыбетлерге алып келиўи мүмкин?*

Газета-журналлардың бетлерине көз жиберемиз, ғалабалық хабар қуралларының хабарларын тыңлап көремиз.

Бундай мағлыўматларды барлық жерде ушыратыўыңыз мүмкин болса да төменде арнаўлы басылымлардан гейпара үзиндилерди келтиремиз.

*"Аўылға киретуғын барлық жолларды артиллерияның отжалынлары бәнт еткен. Кеселханаға аўылдың өғада аўыр жараланған төрт пуқарасын алып келди. Олар пана излеп бир үйге кирмекши болғанда тап сол жерге келип түскен снарядтың жарылыўына тап болған. Оларды қарабаханалардың астынан шығарып алыў ушын бир неше саат аўыр машақатлы күш жумсалды. Бирақ олардың аман қалыўына үмит жоқ дерлик".*

**ХҚАК ниң "Панорама" журналы,**
**1996-жыл, ХҚАК делегатының әңгимеси**

**Пуқара халықтың ҳәммеси ҳәм жеке пуқаралар әскерий ҳәрекетлер менен байланыслы қәўип-қәтерлерден улыўма қорғалады.**

**Женева Конвенцияларына 1 Қосымша Протоколдан**

*10. Протоколдан алынған бул мақаланы "Панорама" журналының мәлимлемеси менен салыстырың. Женева Конвенцияларына Қосымша Протоколлардағы режелердиң орынланыўы ушын не ислеў керек?*

*"Бизиң аўылымызға тосаттан бомбалар түсе баслады. Мен к... қып кеттим ҳәм төрт баламды алып қоңысының ғәллеханасына қа... жуўырдым. Ол жерде биз түнди өткердик. Ертеңине мениң шаңа... ғымдағылардың ҳәммеси басқа аўылласларымыз бенен бирге қасым... дағы тоғайға қашып бардық. Булардың ҳәммеси күтилмегенде ж... бергенлиги сонша, биз я жыллы кийим я ҳешқандай азық-аўқ... алыўға үлгермедик. Күнлер өте берди, ал бизлер ашлықтан ҳәм суў... тан жүдә азап шегер едик. Бизиң көз алдымызда сүйикли әжем, о... кейин сиңлим, ал соң иним дүньядан өтти.*

*Бир ҳәпте даўамында бизлер ашық ҳаўада жатып, реўень сыя... ҳәр қыйлы өсимликлер менен аўқатландық. Бизлер пүткиллей ҳәлси... қалған едик..."*

**ХҚАК ниң "Панорама" журналы, 1996-ж...**
**Тажикстанлы бир ҳаялдың әңгим...**

?

**11.** *Соқлығысыўлардың ақыбетинде пуқара халық арасында ә... ресе кимлер көбирек жәбирленеди?*

**12.** *Усыған уқсас өзиңиз билген ўақыяны айтып бериңиз.*

**13.** *Әлийшер Наўайы поэмасынан жоқарыда келтирилген үзи... менен Тажикстанлы ҳаялдың әңгимесин салыстырың. Не ушын у... пуқара халыққа көп жәбир келтиретуғыны ҳаққында ойланып кө...*

## ӨТМИШ ҲАҚҚЫНДА ОҚЫҢ!

***Ақыл иси емес урыс. Деген менен шах,***
***Гейде оннан жүре алмас аўлақ.***

***Әлле кимлер жәнжел баслар аяқ астынан,***
***Шах та мәжбүр суўырыўға қылышты қын...***

***Бирақ халыққа зияннан басқа бул пайда бер...***
***Халық урысты ҳеш бир ўақта ақлаған емес.***

**Ә. Наўайы "Саддий Искандерий", XXV...**

# БҮГИНГИ КҮНИМИЗ ҲАҚҚЫНДА ОЙЛАНЫП КӨРИҢ!

**14.** *Бул қатарлардың мазмуны кисини не ҳаққында ойлауға мәжбүрлейди?*

**15.** *Халықлар урысты ақламаса да неге олар урыса береди?*

*“Мени күппә-күндиз нәрестә балаларымның көз алдында амаққа алды. Мен сол қорқынышлы мәуритлерди ҳасла ядымаң шығара алмайман. Тосаттан оғада тез пәт пенен киятырған джип машинасы мениң кишкене дуканымның алдында бирен тоқтады. Форма кийген алты адам бақырысып машинадан үсти. Олар қолларымды қайыра баслады. Қорқып қалған баларым дуканның пештахталарының астына жасырынды. Бул ларды соңғы мәртебе көриуим болды. Мени машинаға таслаы ҳәм полиция бөлимине шекемги жолды басып өткенше мен не олып атырғанын түсине алмадым. Полиция бөлиминде меннен римниң қай жерде екенлигин сорады. Мен оны ауылымызда 5 ай урын болған сауаштан берли көрмеген едим. Полициятылар римди қурал-жарақлар складына хүжим қылған деп айыплады. Мен буған исенбес едим. Мениң ерим әпиуайы дийхан болып, ның ҳеш уақытта урысқа қатнасы болмағын. Соң олар мени ыйнай баслады. Сондай-ақ олар мени қорлады ҳәм бул исинен әзетленер еди. Ақыр аяғында мениң намысыма тийип масқалады. Ертеңине қоңсы бөлмеден балаларымның даусын еситтим. Олар бул даус мениң балаларымның даусы екенин айтты. Мен жылаи бола жазладым. Ҳәтте мени не қылсаңызда мәйлица, бирақ балаларыма азап бермесеңиз болды деп олар менен елиспекши болдым. Соң билсем, балаларымның қышқырған даусы магнитофон лентасына жазылған екен.*

**“Пуқара халық урыста” китапшасынан, Женева, 1995 ж.**

?

**16.** *Хаял жөнинде исленген барлық нызамға қайшы хәрекетлерди санап шығың?*

**17.** *Бундай жарамас ислердиң исләниўин урыстың мақсетлери менен ақлаўға болама? Неге?*

**18.** *Не ушын бизлер урыс себепли азап шегип атырған хаялға көбирек итибар бериўимиз керек?*

## ӨТМИШ ХАҚҚЫНДА ОЙЛАНЫҢ !

"Саддий Искандерий" де әскерий атланыслардың ақыбетинен ...лықты қорғаўға бағдарланған Ә. Наўайының пикирлери негизги қах...манның тили менен былай баян етиледи:



***Көп узамай Искендер Кашмирге кирди,***
***Хәм қалада жайласыўға буйрықлар берди.***

***Деди: "Пуқара халыққа берменңлер жәбир,***
***Деп қатаң тапсырдым әскерге хәрбир.***

***Егер зорлық етип жибиңди алсалар,***
***Сол әскер сол жип пенен дарға асылар".***

?

**19.** *Автор "Пуқара халыққа берменңлер жәбир" дер екен, халыққа жоқарыда айтылғаннан тысқары және қандай жәбир бериў формаларын нәзерде тутпақта?*

**20.** *Искендер неге өз ләшкерлерине бундай буйрық берди, буннан ол қандай мәп көреди?*

## БҮГИНГИ КҮН ХАҚҚЫНДА ОЙЛАНЫҢ !

*"Соң атысналар тоқтады, бирақ өлтириўлер даўам ете ...ерди. Әскерлер жақын әтираптағы үйлерге бастырып кирер, ...әмме жақты уайранлар, урар хәм талан-тараж етер еди. ...уннан соң өликлерди, өлим халатындағыларды хәм тири қал...анлардың хәммесин жүк машинасына ылақтырды. Кеселхана...а жеткенше әскерлер қан кешип жүрип өз хайуаншылықларын ...аўам еттирди, қыбырлағанлардың хәммесин мылтықтың най...асы менен шаншып өлтире берди. Қурбанлардың гейпаралары ...ириниши болып машинаға тасланғанлығы себепли аман қалды. ...йткени оларды үстиндеги өли адамлардың денелери сақлап ...алған еди".*

**"Урыс қурбанлары" листовкасы, Женева, 1993 жыл, ХҚАК делегатларының пуқара халық тәғдири хаққындағы гуўалықларынан**

**21.** *Пуқара халық жөнинде исленген зорлықлардың шегарасын* ...белгилеўдиң не ушын әхмийетли екенин түсиндирип бериўге хәрекет ...ислең?*

?

* *зорлықлар шегарасы — мәселен, Женева Конвенциясының нормалары пуқара халыққа ...орлық көрсетип қорқытыўды қадаған етеди.*

## ӨТМИШ ХАҚҚЫНДА ОЙЛАҢ !

Наўайының "Саддий Искандерий" дәстанында сондай қатарлар бар. ...шайыр бул қатарларда пуқара халықты қорғаў хаққында сөз етеди.



***Әскерди қалаға жайластырмайман,***
***Жақсысы, тоғайдан орын таңлайман.***

***Делиге полкларды алып кирсек биз,***
***Қаланың халқына зыян беремиз.***

***Узақта турайық бизлер қаладан,***
***Қай жерде де қыслап шығармыз аман.***

**22.** *Не ушын Искендер шәҳәрге өз ләшкерлерин киргизбеўге қа етти?*

*Сизлерге үш жуўап беремиз, оларды тийкарлаўға ҳәрекет ет*

*— ол пуқара халықтың тынышлығы ҳаққында ойлады;*

*— ол өз әскерлеринен көп жаўынгерди оғада қатал жаза туўра келетуғын болғанлықтан, бул арқалы армияны ҳәлсир алыўы мүмкинлиги туўралы ойлады.*

*— ол жеңип алынған пуқара халықтың ҳүрметине миясар бо сы келди.*

**23.** *Егер Искендердиң армиясында қарақшылар емес, ал ҳақый ләшкерлер саўаш жүргизип атыр дейтуғын болсақ, онда неге ол ҳукимди қабыл етти?*

## КЕЛЕШЕК ХАҚҚЫНДА ОЙЛАНЫҢ !

### ЖАҒДАЙ

Сиз қураллы соқлығысыўларда әскерий хызметкерлердиң инти Кодексин* таярлаў бойынша Халықаралық Конгрессте* қатнасып а ман деп қыялыңызға келтириңиз.

Сизиң алдыңызда төмендеги ўазыйпалар тур:

**1.** Конгресстиң мәжилисинде қысқаша сөз сөйлеўге тая лық көрин. Бул сөзиңизде Кодекс қабыл етилиўиниң зәрүрл гин ҳәм оған киргизилген мәселелердиң әҳмийетлилигин ти карлап бериң.

**2.** Кодекстиң пуқара халықтың ҳуқықлары өз сәўлелен ўин тапқан бөлеги бойынша өз ой-пикирлериңиздиң вари тын ислеп шығың.

Кодекс өзине тән қолланба болыўы керек.

Бул бөлимге пуқара халық жөнинде ислетилетуғын зорлық-зомбылықлардың қадаған етилген анық формаларын киргизиў зәрүр. Сондай-ақ урыс ўақтында ҳаяллларды ҳәм балаларды қорғаў түрлерин де айрықша көрсетиў дәркар.

** Кодекс — бул жерде: қағыйдалар жыйнағы.*

** Конгресс — съезд, жыйналыс (әдетте халықаралық мәселелер бойынша)*

Ҳәм соңғысы — ***Искендердаң өз устазы Аристотельге берген төмендеги сораўына сиз қандай жуўап қайтарған болар едаңыз?*** ?

***Бизге бабалардан майрас боп қалған,***
***Барма екен турмыста мынадай нызам:***

***Оны басшылыққа алар болсақ биз,***
***Жәнжелди тек қурал менен шешемиз.***

**Ә. Наўайы “Саддий Искандерий”**



# ИНСАНЫЙЛЫҚ ШЕГИНЕН СЫРТТА

*Бул дүнья, Ңадира, қатал ҳәм қанға былғанған,*

*Қан, адаўат бар жерде тынышлық нәйлесин.*

**Надира**

Тарийхтың ҳәрбир дәўиринде гүллениў де, белгили қыйыншылықлар да болады. Тарийхшылардың ўазыйпаларының бири — өткендеги ўақыяларды сүўретлеп бериў менен бирге, оларды ҳәртәреплеме талқылаўдан ибарат. Әлбетте, олар ҳәрқыйлы себеплер менен сол дәўирге тән унамлы фактларды айырып көрсетиўлери ямаса олардың унамсызларын атап өтиўлери мүмкин. Тарийхый ўақыяларды бурмаламай дәл сәўлелендириў тарийхшының ең әҳмийетли, жуўапкерли ҳәм қыйын ўазыйпасы есапланады.

Мәселен, Европаның ең даўтартыслы дәўирлериниң бири болған орта әсирлерди алып қарайық.

Бул дәўирде көбинесе жәмийе
рауажланыўдың дағдарысы к
тасланса, екинши жағынан б
Европада университетлер, емле
налар, бирли-ярым архитектура
қурылыслар салынған дәўир.
дәўирде Европа дүньяға Леон
да Винчи, Микеланджело, Да
Алигьери, Эразм Роттердамск
Вильям Шекспир сыяқлы өз
метлери менен пүткил адамзат
рауажланыўына бийбаҳа үлес
қан шахсларды берди.

Биз оқыўшылардың дық
тына усынып отырған ўақыял
менен эпизодлар ҳәрқыйлы дәр
лерден таңлап алынған бол
ҳәрқыйлы жағдайларда көрин
берген мийримсизлик қанд
ақыбетлерге алып келетуғын
сизлердиң түсиниўге урынып көр
уиңиз көзде тутылды.

Бизлер қарап шығып атыр
фактлар жәмийетте руўхыйлық

раўажланыўының унамлы тәреплерин бийкарлай алмағанлығын айтып өтиў лазым.

Солай етип, XIX әсирдиң биринши ярымындағы жәмийеттиң гейпара ўәкиллери ҳәм ўақыялары менен танысамыз. Булар ҳаққындағы мағлыўматлар сол дәўирдиң тарийхый ҳүжжетлеринде сәўлеленген.

Бул дәўир әмир ҳәм ханлардың, илимий ағартыў адамларының, алымлардың, әдебият ўәкиллериниң ҳәм бинакарлардың, аты менен байланыслы. Олардың хызмети жәмийеттиң раўажланыўына сезилерли дәрежеде үлес қосты. Мине усы социаллық-экономикалық шараятлар дәўиринде гуманистлик идеяларды адамларға жеткериўге айрықша умтылыўдың болғанлығы кисиде қызығушылық оятады. Мәмлекетлик искер ҳәм белгили шаира **Надира (1792—1842)** мине усындай идеялардың дөретиўшиси еди.

Оның өмири сол дәўирдеги еки мәмлекет ҳүкимдары менен байланыслы өткен. Ол жүз берген барлық ўақыялардың гүўасы ҳәм қатнасыўшысы еди.

Шаираның негизги исми Моҳлар айым еди. Ол өз қосықларын Камила, Макнуна ҳәм Надира лақаплары менен дөреткен. Надираны дөретиўшилик мийрасының негизин лирикалық қосықлар қурайды. Оның қосықларының негизги темасы — муҳаббат, ўапа ҳәм садықлық. Ол өз ғәзеллериниң биринде ***ҳәрқандай қайғы-ғамлардан инсан тек мийрим-шәпәәт ҳәм дослық жәрдеми менен ғана қутыла алады*** деп жазған еди. Шаира поэзияның барлық жанрларында қәлем тербеткен, ҳәр еки тилде де — парсы ҳәм өзбек тиллеринде теппе-тең шеберлик пенен жазған.

Шаира Қоқан ханларына (биреўиниң ҳаялы, екиншисиниң анасы), басқа ҳүкимдарларға, абырайлы мүлик ийелерине ҳәм әрбабларға тиккелей емес, ал қосықлары арқалы тәсир жасаўға ҳәрекет еткен ҳәм әдалатлыққа шақырған. Ол былай деп жазды: ***Зорлық пенен ҳеш ким абырай-атаққа ерискен емес.***

***Өзинше кетсе кимде ким саўашта абырай алалмас,***
***Ал бармақлар бириксе Зулфиқардан* кем болмас.*****

* *Зулфиқар — халифа Әлийдиң қылышының аты.*

** *Нодира. Асарлар. Екинши том. 1-китап, Т., 1971, 116-б.*

?

ИНСАНИЙЛЫҚ ШЕГИНЕН СЫРТТА

*1. Сабаққа эпиграф сыпатында Надираның бәйтлери алынған. Қандай жағдайлар ҳәм себеплер “қан ҳәм адаўатты” келтирип шығарады?*

*Жәнжелли жағдайларды “қан ҳәм адаўат” қай дәрежеде шешип бере алады?*

*2. Егер Надира зорлық-зомбылықсыз-ақ абырай-атаққа ерискен болса, буған ол қалайынша ерискен?*

*3. Зорлықтың қайсы формалары абырайдың төгилиўине алып келеди?*

Надираның ағартыўшылығы оның жәмийетшилик хызмети ме[…] тығыз байланыслы. Ол өзининң әтирапына алымларды, шайырларды [...] данышпанларды топлады, оларға ғамхорлық етти, медреселер, кәрўан[…]райлар ҳәм саўда-сатлық орынларын қурдырды, китапхана дүзип, На[…]йының, Физулийдин, Бедилдиң шығармаларын көширип жаздырды.

## ТОПЫЛЫС

XIX әсирдиң биринши ярымында Уратөбе шәҳәри 40 мәртебеден аслам Бухара ҳәм Қоқан ханлықларының топылысына ушыраған. Ең қайғылы шабыўыллардың бири 1816—1817 жылларда Қоқан ханы Әмир Омархан ҳәм оның ләшкерлери тәрепинен уйымластырылды. Кейин ала шаира ҳәм та[…]рийхшы болып жетискен 17 жа[…] Дилшад мине усы қырғынлард[…] гуўасы ҳәм қурбаны болған. [...] ҳаққында ол өзининң **“Тарихи […] хожирон”** шығармасында был[…] деп жазады:

***“...1232 — ҳижра (1816) жылының гүзинде адамлар өзлериниң бағларынан үйлерине қайтып, үй жумыслары менен машғул болып атырғанда Әмир Омархан бастырып келди. Жаршылар душпан арқа, батыс ҳәм шығыс тәрептен шәҳәрди қоршап алғаны ҳәм жақын жерде лагерь қурып жайласып, шәҳәрге ҳүжим басламақшы екенлиги ҳаққында хабар берди. Толғаныслар ҳәм шаң-тозаңның жағымсыз ийиси шәҳәрдиң ишин қаплап, тез арада қаланың душпанлар тәрепинен жаўлап алынатуғынын сездирип турар еди. Ҳәрқашаңғыдай-ақ өз шәҳәрин мәртлик пенен қорғап келген халық бул сапары да басқыншы ләшкерлерге қарсы алты күн даўамында саўаш алып барды. Душпан мийримсиз еди, ал шәҳәр болса кем-кемнен ҳәлсиреди. Нәтийжеде хан ләшкерлери түнде топылыс жасап, шәҳәрди басып алды ҳәм ҳәрбир үйди талан-тараж етти...” ****

***Дилшад сондай-ақ Омархан 13400 ләшкерди тутқынға алғанын жазады. Оратөбели жүз деген қәбилениң ақсақаллары ханның мийримсизлик ҳәрекетине қарсы бас көтерди. Буннан ғәзепленген Омархан халықтың көзин қорқытыў ушын тутқындағылардан 1213 адамды дарға асып өлтириўге ҳүким етти, ал қалғанларын Ферғанаға көширди. Әмирдиң ләшкерлериниң изинен кетип баратырған тутқын халық шаң-тозаң ҳәм түрли кеселликлерден азап шегер еди. Тутқынларды Қоқанға айдап келди. Бизлер шаршап, дәрмансыз жағдайда шәҳәр майданында турар едик. Қоқанның халқы бизлерге жаны ашып, ал хан ләшкерлерине ғәзеп пенен қарар еди.*****

Надираның басқа заманласы, тарийхшы **Ҳәкимхан** өзининң **“Мунта[х]аб ут-таворих”** (Таңламалы тарийхлар) китабында усы ўақиялардың гу[ў]асы сыпатында былай деп жазған еди:

***“...Ләшкерлер дийқанлар жетистирген дәнли егинлерди тамырына шекем өртеп жиберди. Омарханның ҳүкими бойынша дақылзарлықларға төрт тәрепинен от берилди. Лаўлаған жалынның ишинде тек егинлер ғана емес, ал дарақлар да, басқа өсимликлер де набыт болды.” *****

?

*4. Омархан Оратөбеге қандай мақсет пенен ҳүжим жасады?*

*5. Қандай мийримсизлик ҳәрекетлери мақсетке қарағанда артықша еди?*

*6. Бул мийримсизликлер өз халқы ҳәм ләшкери, сондай-ақ басып алынған шәҳәрдиң халқы арасында Омарханның абырай арттырыўына жәрдем етти ме?*

* *М. Қадирова, “Дилшод”. Ташкент, “Фан”, 1972.*

** *Дилшод. “Танланган асарлар”, Т., F. Fулам баспасы, 1972.*

Сол дәуирде хәзирги Өзбекстанның аймағында үш мәмлекет — Қоқ… Хийўа ханлықлары хәм Бухара әмирлиги бар еди. Олардың барлығы д… лик беккем болса да, еле өз-ара урыслар жағдайында еди. Ҳүкимдар… ханлықтың аймақларын кеңейтиўге бир неше мәртебе күш салып, эко… микалық-сиясий үстемликке ийе болмақшы еди, бирақ гөзлеген н… желерине ерисе алмады.

### Бухара әмири Насрулла

Сол дәуирде Бухараның әмири Насруллахан еди. Насруллаханның ҳүкимдарлығы өз инилериниң, ал соңынан оған тахтты ийелеўге жәрдем берген адамлардың өлтирилиўи менен "даңқы" жайылды: ол өзиниң ҳүкимлик сүрген дәўириниң басында бир айдың ишинде хәр күни он-онлап адамларды өлим жазасына гириптар етти. Өзиниң айрықша ғамхорлығында болған әскерий күшлерге сүйенип, әмир ақсүйеклердиң ўәкиллерин, сарай адамларын үзликсиз қуўдалаў астына алды, мал-мүлкин тартып алып, өзлерин сүргинге жиберди, өлим жазасына ҳүким етти. Ол Бухара әмирлигинде пытыраңқылықты сапластырмақшы еди. Бу… ра ләшкерлериниң саны шама м… нен 40—50 мың адамнан иба… еди. Армия еки бөлимнен тур… биреўи негизинен жәмийеттиң ж… наятшыл элементлеринен қурал… турақлы әскерлерден хәм екинш… си халықтың арасынан шақыры… ған ықтыярлы әскерлерден ибар… болып, олар урыс жағдайында өз… риниң атлары және қурал-жарақ… лары менен қатнасатуғын с… Қурал-жарақлар жетиспегенли… себепли гейде ләшкерлер кетпе… бел, жаба менен қуралланып са… шқа кирер еди. Ләшкерлерге әск… рий өнерлер үйретилмеди.

?

*7. Насруллаханның ҳүкимлик сүриўи Надираның "Зорлық пе… хешким абырай-атақққа ерискен емес" деген сөзлерин қаншелли д… жеде бийкарлай алады?*

*8. Усы хәм әўелги сабақлардың материалларынан пайдалан… ҳүрметке миясар солдатты тәриплеп бериң. Былай баслаўы… мүмкин: Ҳүрметке миясар солдат — бул...*

*9. Ҳүрметке миясар солдат пенен жаўыз солдаттың саўашта… ис-ҳәрекети өтмиште хәм бүгинги күни қандай ақыбетлерге ал… келиўи мүмкин деп ойлайсыз?*



### Қоқан ханы Мухаммад Әлий

1822-жылы Омархан өлгеннен кейин оның улы Мухаммед Әлий (Мәдәли) хан 14 жасында Қоқан ханлығының тахтына отырып, 1842-жылға шекем ҳүкимлик сүрди. Ол өзиниң ҳүкимдарлығын әле әкеси тири ўақларда-ақ кеўили хош көрмеген кәплеген адамларды жазалаў ямаса сүргинге жибериўден баслады.

Ол ханлықтың хәрбир шәхәрине адам өлтириўшилерди жасырын рәўиште жаңа ханнан наразы болғанларды қорқытып қойыў мақсетинде жибереди. Мәдәлихан хәкимиятты қолға киргизиўден-ақ ақсүйеклер арасында наразы топарлар пайда болып, олар жыл сайын көбейе берди.

Тахтқа отырғаннан кейин арадан бир неше жыл өткеннен соң Коканд ханы Қашқар ушын Қытай менен урысқа тартылады хәм 1829-жылы оған қарсы атланысқа қатнасады. Қытайдан үлкен күшлердиң жақынласып киятырғаны хаққындағы хабар ханды Қашқардан кейин шегиниўге мәжбүр етеди хәм ол 70 мың адамлық әскерди Ферғанаға әкелип, ханлықтың хәрқыйлы шет-шебирлерине жайластырады. Соң Мухаммед Әлий бирнеше мәртебе Қашқарға атланып, ол жерде көтерилислер шөлкемлестиреди. Буннан кейин Қашқарға топылыс жасаўдан ўаз кешкени ушын қытайлылар оған Қашқар аймағындағы шәхәрлерден саўда салығын жыйнаў ҳуқықын береди. Қоқан менен Қашқар арасында парахатшылық қатнасықлар орнатылғаннан соң көп сандағы Қашқар эмигрантлары ўатанларына қайтады.

Бирақ табыслар Муҳаммед Әлий ханның жағдайын беккемлей алмады. Руханийлар оны динбузар хәм қудайдан безген деп айыплай баслады. Ханның қас душпанлары ашықтан-ашық қарсы шығыўға батына алмай Бухарағa Орта Азия мусылманларының панасы есапланған Әмир Насруллаханға арыз етип барады. Әмир 1840-жылы Қоқанға фәтуа* менен елши жибереди. Буған жуўап ретинде Мухаммед Өлийхан әмирге қарсы атланыс баслайды, бирақ жеңилиске ушырайды: ол Хожандтан айрылып өзин Бухара әмириниң қарамағындағы аймақ сыпатында тән алыўға мәжбүр болады. Еки жылдан соң Қоқанда көтерилис басланады: Ханның сарайы алдында топланған халық буннан былай ханның зулымына шыдай алмайтуғынын билдиреди. Үлкен қыйыншылықлар менен, қурғақ ўәделер хәм түрли хийлелер ислетип халық көтерилиси бастырылады.

* *фәтуа — жоқары дәрежели диний шахс тәрепинен ол ямаса бул ис-ҳәрекеттиң Қуран хәм шариатқа муўапықлық дәрежеси ҳаққында қабыл етилетуғын қарар.*

Бухара әмири Насрулла қонсы мәмлекетте жүз берген көтерилис ҳаққында еситип 1842-жылы Қоқанға карсы жаңа атланысқа шығады. Жолшыбай ауыл-қалаларды талап, албыраўшылықтан пайдаланып Қоқанды басып алады ҳәм оны ләшкерлерине талан-тараж еттиреди.

Мухаммед Әлийди ҳәм о
жақын туўысқанларын қолға т
рип, әмирдиң алдына алып ке
Әмир Қоқан ханлығын өзи
қарамағына киргизетуғын
қоқанлы ақсүйек сарай адамла
мәмлекеттиң тынышлығы у
қәўипли деп есаплап, Бухар
көширетуғынын мәлим етеди.

**10.** *Қоқан ханлары Омархан ҳәм Муҳаммед Әлий, Бухара әм Насрулла зорлық пенен қандай мақсетлерге умтылған еди ақыбетте неге ийе болды?*

| Ҳукимдар | Максет | Зорлықты қолланыў усыллары | Нәтийже |
|---|---|---|---|
| ***Омархан*** | | | |
| ***Муҳаммед Әлий*** | | | |
| ***Насрулла*** | | | |

**11.** *Өз мақсетлерине ерисиў ушын ханлар қолланған усыллар арасында қандай улыўмалық бар?*

**12.** *Қалайынша зорлық зорлықты жүзеге келтиреди?*

## ЖАЗАЛАЎ

Мухаммед Әлий, оның улы ҳәм иниси басқыншылардың көз алдында өлтириледи.

Жаўызлықлар себепли ғәзеби кайнаған шаира әмирге барып оны нәлетлейди. Әмир ғәзеплени
дираны ҳәм оның қасындағы
ларды өлтириўге буйрық бере

Надираның өлими хаққ
тарийхшылар ҳәм әдебиятш

...расында хәркыйлы пикирлер бар. ...ның өлтирилиуи хаққында көпле-...н рәуиятлар сакланып қалған.

Айырым тарийхшылар Нади-...а дарға асып өлтирилген десе, гей-...аралар ол атқорада сойып өлти-...илген деп тастыйклайды. Тағы бир ...еректе шаира моншаға қамалып, ...ның барлық есиклери хәм айна-...ары сыбап тасланған, солай етип ...п ашлық хәм шөл азабынан өлип ...еткен деп жазылған. Сол дәуир-...еги тарийхшы **Хәкимхан Төрениң** ...нгимеси ҳақыйқатлыққа жақы-...ырақ келеди. Ол былай деп жаза-...ы: ***“Моҳлар айым хәм оның кәни-...еклери, шорылары қайғының қара ...кийимлерине кийинди, олар жаға-...ларын жыртып дад-паряд салып ...жылады. Қутылыўдан үмитин үзген шаира Әмир Насрулланы нәлетле-ди. Әмир Нәдираны ҳәм және еки ҳаялды қорлап жаўызларша өлтир-тти”.*** *

Насрулла бул жазалаўлар ме-нен де шекленбеди. Ол ***“ханның ғәзийнесин талан-тараж етти, медреседеги китапларды майдалап жыртып отқа тасладьі”***, — деп жазады сол дәуирдиң басқа бир тарийхшысы **Ниязмуҳаммед.**

Қоқанда 11 күн болған әмир Насрулла 250 өнермент хәм шай-ырларды ҳаял-бала-шағалары ме-нен туткынға алады хәм Бухараға жибереди. Тутқынлардың арасын-да белгили шайыр **Хазык** та бар еди. Ол әмир хаққында мынадай катар-ларды жазған еди.

* *М. Кодирова “Надира”. Т., “Фан”. 1967*



***Сен үстиңе кийдиң ғарғыс кийимин,***
***Оны ақыретке шекем шеше алмайсаң.***

Қокан ханлығының халқы Бухара әмирине бағыныңқы болып жа-...ўды кәлемеди. Халық тез арада Шералихан басшылығында бирлесип әмир Насрулланың ләшкерлерин қуўып шықты.

*13. Не ушын Надираны жазалаўға байланыслы хәр қыйлы рәуи-ятлар сақланып қалған?*

*14. Бундай ҳүким шығарыўда Насруллахан қандай дәлийллерге сүйенген хәм олар әмирдиң қылмысларын ақлай алама?*

?

*Аўа, бул дүньяда көпдур жәнжеллер ҳәм тартыслар,*
*Деген менен онда жақсылық, қайыр-сақаўат та бар,*

*Дүньяның бәрше халқына Камила тынышлық тилейди,*
*Доспа ол я душпанба, ҳәммеге ашық жүреги.*

**Над...**

?

**15.** *Ҳәдден тыс мийримсизлик шараятында душпанға меҳир көр... тиў ҳаққындағы Надираның идеясы қаншелли дәрежеде турмы... жақын келеди? Егер меҳир-муҳаббат болмайды десек, онда душп... қандай қатнас жасалыўы дәркар?*

!

**Кестени тарийхтағы мысаллар менен толтырың:**

| Мийримсизликке мысал | Реакция формасына мысал | Қарсылық көрсетиўдин ақыбе... |
|---|---|---|
| | | |
| Ҳәдден тыс мийримсизлике мысал | Реакция формасына мысал | Қарсылық көрсетиўдин ақыбе... |
| | | |

**Төмендеги сораўлар үстинде ой жүўыртыңлар**

*(а) Хәдден тыс мийримсизлик көрсетилиўи не менен түсиндириледи?*

*Хәдден тыс мийримсизликти ақлаў мүмкин бе?*

*Хәдден тыс мийримсизликтиң ақыбети қандай болады?*

*(б) Не ушын кестеге киргизилген мысаллардың көбисин тийкарсыз ҳәрекетлер деўге болады?*

*(в) Мийримсизлик қалайынша ҳәдден тыс мийримсизликке алып келиўи мүмкин?*

## ТАПСЫРМА

***Өзиңиз келтирген мысаллар негизинде мийримсизлик ҳәм ҳәдден тыс мийримсизлик формаларының қолланылыўы ҳаққында реферат жазың.***



## ТАШКЕНТЛИ ТЕМИРШИ УСТА ҲӘМ УРЫС БАЛАЛАРЫ

Бизиң жәмийетимиздиң келешеги балаларға тийисли. Өзбекстанның статистикалық хызмети тәрепинен берилген мағлыўмат бойынша, бизиң Республикамыздың турғынларының 50 проценттен асламын 18 жасқа жетпеген жас өспиримлер қурайды. Балалар — елимиздиң бас байлығы екенлиги даўсыз. Сол ушын оны көздиң қарашығындай сақлаўымыз тийис. Бул байлықты сақлаў ҳәм қорғаў ушын барлық жәмийетлерде белгили қағыйдалар бар. Олар Өзбекстанда халықтың балаға байланыслы болған үрп-әдетлеринде, "бесик той" — баланы туңғыш бесикке бөлеўге арналған шаңарақтың мерекеси, "тусаў кесиў" — баланың аяғы шыға баслағанда исленетуғын дәстүр, сүннетлеў ҳәм т. б. "ең жақсылары балаларға берилсин" де... дәстүрлик тәртиплерде көри...

Нызам дәрежесинде Өзб... стан Республикасы Конститу... сының 64-статьясында ба... жөнинде ата-аналардың ... мәмлекеттиң миннетлери ха... да айтылған, ал 65-статьяда ... алдында балалардың тең... мәмлекет тәрепинен балал... қорғалыўы ҳаққында сөз ети...

Балаларды қорғаў исинде ... хуқықы Декларациясы деген ... қаралық ҳүжжет те хызмет е... Бул декларация БМШ тың Ба... самблеясы тәрепинен 1959-ж... 20-ноябрде жарияланды. ... ҳүжжеттиң Преамбуласында* ... делинген: ***бала... арнаўлы қор... ға ҳәм ғамхорлыққа мутәж, ол ... ўылғаннан кейин де, туўылмас... бурын да тийисли ҳуқуқый қор... ... лыўы лазым; адамзат балаға ... нде бар ең жақсы нәрселерди бе... ... ге миннетли. Бул ҳүжжеттиң ... принципи бойынша бала итибар... ... мәмиледен, мийримсизликтиң ... езиўшиликтиң барлық форма... ... рынан қорғалыўы тийис.***

Бирақ балаларды қорғаў ... ын қабыл етилген зәрүрли ... ажаларға қарамастан, олардың ... қықлары жийи-жийи бузыл... ... кта.

Бүгин биз актуал болып кия... рған бир машқаланы анализлеў... хәрекет етемиз. Бул — **балалар ... м урыс**. Өзбекстан ушын бул ма... ... қаланың әҳмийетлилиги неден ибарат? Оны шешерде балаларды қорғаўды және балалардың жуўапкершилигин қалай өз-ара байланыстырыўға болады?

Екинши Жаҳан урысы дәўиринде фронт сызығы республикамыздан узақта болған, бирақ буған қарамастан урыс бул жерде де адамлардың турмысына өз тәсийрин көрсетти.

Әскерий хрониканың қысқа қатарлары урыс болып атырған жерлерден көширип әкетилген нешше мыңлаған балалардың аўҳалын көз алдымызға келтириўге имканият береди.

Республиканың басшысы Осман Юсуповтың 1941 — жылы гүзде сөйлеген сөзлеринен үзинди келтиремиз:

*"...Республикамыздың аймағында ҳәм жақын әтирапларда Россияның Орайлық зоналарынан ҳәм Украинаның балалар ... йлеринен эвакуация қылынған бирнеше эшелонлар жыйналып ... алған. Олардан Барнаўлға қарай бағдар алған эшелон бирнеше күннен берли Арыста, ал Ошқа қарай бағдар алған эшелон ... олса Андижанда иркилип қалды. Бул эшелонлар жиберилген ... танциялар оларды қабыл етпей атыр. Демек, оларды өзимиздиң балалар үйине жайластырыңлар. Жаңадан балалар үйлерин ... шыңлар. Бул ушын барлық жарамлы иматлардан — колхоз ... клубларынан, қызыл шайханалардан ҳәм интернатлардан пайдаланыңлар, егер зәрүрли болса колхозлардың кеңселерин де бериңиз. Республикамызға келген бирде бала орналаспай қалмаўы лазым. Егер ашлықтан ҳәлсиреген балаларды көрсеңиз, мейли*

* ***Преамбула*** *— нызам ямаса басқ... қый акттың, сондай-ақ декларация ям... лықаралық шәртнаманың кирисиў бөл...*

*олар басқа республикаларға кетип баратырған болса да, ... лонларды Ташкентте қалдырыңлар. Өзбекстан оларды қ... етеди, жайластырады, тәрбиялайды, ҳәммесин толық оқ... ды...”*

**Э. Арифов “Әскерий комендант жазыўлары” нан, М., 1**

?

**1.** *Бундай етип сөз сөйлеўдиң себеби неде еди?*

*— жоқарыдан буйрық болған еди,*

*— балалардың тәғдийри ушын тынышсызланыў еди,*

*— балалар дүньядағы барлық халықлар ушын ең әдиўли е... нады.*

*Бул себеплердиң ҳәр бирин қандай дәлийллер менен тийка... сыз?*

**СТАТИСТИКА**

Екинши Жаҳан урысы дәўиринде

Өзбекстанға **200** мың бала эвакуация етилген.

**Э. Арифов “Әскерий комендант жазыўлары” нан**

СТАТИСТИКА

?

**2.** *Екинши Жаҳан урысы ўақтында балалар эвакуация исле... басқа еллер ҳаққында мысаллар келтире аласызба?*

Урыс жыллары дерексиз жоғалып кеткен балалар көп болды. Ол... баспана орынларынан, вокзаллардан, көшириў пунктлеринен, балалар... ринен излейтуғын, дағазалар жазып илдирип қоятуғын еди.




3. *"Бала" сөзи сизде қандай ой-пикир оятады?*

?

?

**4.** *Ата-аналарынан айрылған бул балалардың өмирин қалай алдыңызға келтиресиз?*

**5.** *Парахатшылық ўақытларда балалар ушын не нәрселер зәрү*

**6.** *Урыс ўақтында балалар нелерге мүтәж болады?*

Көп шаңараклар балаларды өз тәрбиясына алып, оларды өзлерине ул, қыз етип рәсмийлестирер еди.

Ташкентли темирши уста Шаахмед Шамахмудов ҳәм оның ҳаялы Бахринисо 14 эвакуация исленген жетимлерди өз тәрбиясы алды. Бирден-ақ көп балалы бол қалған бул шаңаракта жети мил бирлести.

Жазыўшы Рахмат Файзий биринши баланың асырап алы эпизодын былайынша баян ете

*"...Махкам аға (романда темирши уста усылай аталған) қапталынан бир мүләйим ҳаялдың даўысын еситти:*

*— Сизге не керек?*

*Ол қайырылып жас ҳәм жақсы кийинген жаўанға көз түсти:*

*— Мен бала асырап алмақшы едим, — деди Махкам аға жүреги толқынланып.*

*— Ул алмақшысыз ба ямаса қызба? Жүдә кишкантайын ба ямаса үлкенирек жастағысынан ба? — тез исшеңлик пен анықлай баслады ҳаял.*

*— Маған бәрибир, қызым.*

*— Қандай миллеттиң баласын асырап алмақшысыз?*

*...Махкам аға ғәзепленип, ҳәтте бозарып кетти:*

*— Қызым, мен мал базарына келген жоқпан.*

*— Бирақ, атажан...*

*— Хеш қандай бирақтың кереги жоқ, — деп темирши уста қатаң наразылық көрсетти. — Егер мен үндемесем, Сиз және сорай беретуғын көринесиз — арықпан ба я семизинен бе, қыр мурын ба я пушықпа, қарапәренбе я сарыма... Балалардың бәри бир. Оларды Аллатаала жаратқан. Олар инсан баласы. Түсиндиңиз бе?*

*Хаялдың дәптер услаған қолы қалтырап кетти, ол уялып былай деди:*

*— Кеширисиз, мен тек сораған едим ғой...*

*Темирши оған сөзин аяқлауға имканият бермеди:*

*— Хеш уақытта балаларды ақ-қараға ажырата көрмең. Дүньяда сондай бир мақлуқ пайда болып еди, қарақ адамлардың басына қаншама мүсийбет салды...”*

**Рахмат Файзий “Хәзирети инсан”, Т., 1978**

*7. Ташкентли темирши устаның ис-хәрекетиндеги қайсы тәреплери сизге көбирек тәсийр етти?*



## СТАТИСТИКА

Соңғы **10** жыл даўамындағы урысларда **1,5** миллион бала өлди.

**“Балалар ҳәм урыс”, ХҚАК мақалалар топламы, 1995 ж.**

СТАТИСТИКА

?

**8.** *Балалардың буншелли көп санда өлиўи қалай түсиндириледи?*

## Пикир жүргизиў ушын мағлыўматлар:

*“Мениң атым Хосе. 1998-жылы мен 12 жасқа шықтым. Бир күни мен Сан Мигельге әжағамның қасына бардым. Мен хәри шаңғыдай-ақ үйге барыў ушын автобусқа миндим. Автобуст иши жүдә тығылыс болғанлығы себепли мен басқа жигитлер ҳәм ерлер сыяқлы автобустың үстине шығып пәнжиреден ус отырдым. Автобусты бирнеше әскер тоқтатқанда биз аўы дерлик жетип қалған едик. Олар пистолет пенен қураллан екен. Маған ҳәм басқа төрт жигитке автобустан түсиў буйырды. Сол ўақытта мен буған дәрриў бойсындым. Әскер автобусты шетке шығарып қойды, ал бизлерге алдымызға түс жүриң деп буйрық берди. Бизлер бирнеше саат жол жүрип әск рий лагерьге келдик. Автобусты тоқтатқан әскерлер мени ҳә қасымдағыларды бир жайға ийтерип киргизди. Буннан кейин жаслардағы әскерий форма кийген бир хаял бизлерге ғәрезсизл ушын гүресиўге умтылып атырғанымызды түсиндирди. Дәсл мен өз өмирим ушын ҳасла бас аўыртпадым. Ал бирақ кейин ол қәўиплене басладым. Мениң қасымдағы жигит өз шаңарағ менен байланыстырыўды өтинди. Ол қорққандай көринсе д бирақ буны айтыўға өзинде күш таба алды. Баслық оған жү анық етип оның шаңарағы енди армия екенин ҳәм жақсыс бурыңғы шаңарағын умытыў кереклигин түсиндирди.*

*Бирнеше ҳәпте дауамында мен басқалар сыяқлы әскерий [illegible]лықларды үйрендим. Жигитлердиң көпшилиги мен сыяқлы [illegible]лап алынған еди. Сонын ушын бизлердиң ҳеш биримиз партизанлар урысы ҳаққында бир нәрсени билмейтуғын едик. Биз ҳүжим жасау, жауынгерлик қуралды ислетиу усаған барлық шынығыуларды, ал гейде ҳәзиргидей әпиуайы мектеп сабақларын үйренер едик. Мен буны соншелли машақатлы ис болады деп ойламаған едим. Жүдә үйге қайтқым келер еди. Биринши мәртебе сауашқа киргенимде қатты қорқтым. Кеселленип қаладым-ау деп ойладым. Ал ҳәзир мен хәтте қанға да итибар бермеймен."*

**"No Time to Grow, The Effects of war on Children",**
**New Zealand Red Cross, 1996**

**Либерия**

Мен эскадронға командирлик етемен. Менин қол астымда 978 адам бар, олардың 176-сы балалар. Балалардың гейпаралары 9, гейпаралары 10—11 жаста, ал көпшилиги 12 жаста. Олар ҳеш нәрседен қорқпайды ҳәм биринши қатарларда жүреди.

**"Балалар ҳәм урыс" видеофилминен алынған текстлер, ЮНИСЕФ, ХҚАК өними, Женева, 1998 ж.**

Соқлығысыулар гезинде тәреплер жас балалардан тиккелей сауаш ҳәрекетлери катнасыушысы сыпатында жийи пайдаланар ямаса олар әскерий характердеги баска тапсырмаларды орынлауға көмеклесер еди. Балаларға өзлерин кереkли деп сезиу жүдә жағатуғын еди ҳәм олар өзлерин үлкен адамлар деп есаплап, бахытлы сезер еди. Бундай ой-сезимлерден пайдаланыу оғада жеркенишли, себеби балалар өзлерин үлкен комбатантлар* сыяқлы қәуип астына салады, бирак үлкен адамлардан бир парқы — олар сауаш ҳәрекетлерине тиккелей ямаса жанапай катнасыуы қандай ақыбетлерге алып келетуғынын бирдейине және анық түсинип жете алмас еди.

**"Балалар ҳәм урыс" китабы, ХҚАК, 1995 ж.**

**9.** *Бул балаларда қандай жууапкершилик бар?*

**10.** *Сиз автордың "олар сауаш ҳәрекетлерине тиккелей ямаса жанапай қатнасыулары қандай ақыбетлерге алып келетуғынын бирдейине ҳәм анық түсинип жете алмас еди" деген пикирине қосыласыз ба?*

* ***комбатант** — қураллы соқлығысыуларды иске асырып (урысып) атырған адам.*

**11.** *Бул балалардың өзлериниң не ислеп атырғанлығын түсинбегенлиги оларды ақлай алама?*

**12.** *Бундай жағдайларда ким көбирек жуўапкер, балалар ма ямаса ересек адамлар ма? Не ушын?*

● Төмендеги сүўретлерде һәммесине улыўмалық болған не нәрсени көрип турыпсыз, сүўретлеп айтып бериң.



**13.** *Бул балалар сизде қандай ой-пикир пайда етти? Ойыңызды 3-сораўға жуўабыңыз бенен салыстырың.*

## Пикир жүргизиў ушын мағлыўматлар

***"Станцияға үзликсиз рәўиште мәмлекеттиң батыс районларынан эвакуация қылынғанлар, ҳәр суткада мыңлап жарадарлар келип жетер еди. Оларды орналастырыў, үй жай менен тәмийинлеў лазым еди. Ташкент халқы бул ғамхорлықлардың ҳәммесин жүреклерине оғада жақын алар еди. Бир күни қамалдағы Ленинградтан балалар тийелген состав шәҳәрге киятырғаны белгили болды. Вокзалға мыңлаған өзбек ҳаяллары келди. Олар ашлықтан ҳәлсиреген балаларды өз тәрбиясына бериўди өтинер, талап етер ҳәм соранар еди..."***

**Э. Арифов "Әскерий комендант жазыўлары"**

**14.** *Сизиң пикириңизше адамлар солдат-балаларға да усындай мүнәсибетте болар ма еди?*

## СТАТИСТИКА

Бүгинги күни жаханда 300 мыңға шамалас солдат-балалар бар. Бул солдат — балалардың жасы еле 15 ке де толмаған.

**"Балалар ҳәм урыс", ХҚАК мақалалар топламы, 1995 ж.**

СТАТИСТИКА

**15.** *Әскерий ҳәрекетлерге тиккелей қатнасқан балаларға, сондай-ақ әскерий ҳәрекетлерге қатнаспаған балаларға урыс қандай тәсир көрсетеди?*

**16.** *Қураллы соқлығысыўларға тиккелей қатнасқан балалар урыстан соң жәмийетке қалайынша қосылып кетиўлери мүмкин? Олар қандай қыйыншылықларға дус келеди ҳәм олардың жәмийетке көнлигиўи ушын не ислеў керек?*

Жаханнның дерлик барлық мәмлекетлери, соның ишинде Өзбекстан төмендеги ҳүжжетке қол қойған:

**Урыс жағдайындағы тәреплер жасы 15 ке толмаған балалардың әскерий ҳәрекетлерге тиккелей қатнаспаўы ушын ис жүзинде барлық қолынан келген илажларды иске асырады.**

**Женева Конвенцияларына**
**1 Қосымша Протокол (1977), 77-статья**

**17.** *Жасы 15-ке де толмаған солдат-балалардың бар екенлигиниң себеби не? Буны қалай болдырмаў мүмкин?*

?



## РЕГИОНАЛЛЫҚ КОНФЛИКТЛЕРДИ ШЕШИЎГЕ ӨЗБЕКСТАННЫҢ ҚОСҚАН ҮЛЕСИ

1945-жылы 25-апрелден 26-июньге дейин Сан-Францискода (АҚШ) болып өткен Бирлескен Миллетлердиң конференциясында 50 мәмлекеттиң ўәкиллери Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң (БМШ)* Уставын ислеп шықты ҳәм оған қол қойды. 1945-жылы 24 октябрде күшине кирген бул халықаралық ҳүжжетте урысты қадаған етиў ҳаққында статьялар бар.

**Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң барлық ағзалары өзлериниң халықаралық қатнасықларында ҳәрқандай мәмлекеттиң аймағында көл қатыўшылықтан ямаса сиясий ғәрезсизлигине қарсы қәўип туўдырыўдан ямаса күш қолланыўдан, сондай-ақ Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң Мақсетлерине муўапық болмаған ҳәрқандай басқа жоллардан сақланыўы лазым.**

**БМШ Уставы, 2 статья, 4 пункти**

?

**1.** *Не себептен жаҳан тарийхында биринши мәрте халықаралық дәрежеде урысты қадаған етиўши Устав пайда болды?*

* ***Бирлескен Миллетлер Шөлкеми (БМШ)*** *— парахатшылықты, қәўипсизликти сақлаў ҳәм мәмлекетлер арасында бирге ислесиўди раўажландырыў мақсетинде дүзилген халықаралық шөлкем.*

БМШ Уставының пайда бо-ыў себебин жақсырақ түсинип ыў ушын Екинши жер жүзилик рыстың басланыўының қысқаша роникасын қарап шығыўды усы-ыс етемиз.

1939-жылдың 1-сентябринде ан атарда Вермахттың 50 диви-иясы Польшаның шегарасынан асып өтти. Ҳаўа ҳүжиминиң кәрдеминде аэродромларды қорғап урған әскерлерди ҳәм коммуника-ниялық орайларды қыйратып, не-мец армиясы Польша әскерлерин бағындырды ҳәм шегараға сына-дай жарып кирип, елдиң түпкири-не дейин өтти.

Ертеңине Уллыбритания ме-нен Францияның Берлиндеги ел-шилери сыртқы ислер министри Риббентропка, егер Рейх ҳүкимети 24 саат ишинде өз әскерлерин Польша аймағынан алып шықпа-са, онда 3-сентябрден баслап олар-дың еллери өзлериниң Польша алдындағы миннетлемелерин орынлаўға мәжбүр болады деп ге-зекпе-гезек хабарлады. Усы ўақыт-тан баслап бул ўақыяларды кейин қайтарыўға үмит қалмады. Қытай, Эфиопия ҳәм Испаниядағы урыс-лар арасынан жыллар даўамында қандайда бир жалынсыз жылысып киятырған дүбелей, аншлюс* ҳәм Чехославакияға басып кириў арқ-алы жалынланып енди өзиниң пүткил күши менен басланып кет-ти. Британия ҳәм Францияның кат-насыўы менен урыс бирден жер жүзин қамтып алды. Екинши жер жүзилик урыс басланды.

Екинши жер жүзилик урыс ҳаққында айрым мағлыўматлар.**

| | |
|---|---|
| Даўам етиўи | 6 жыл |
| Қатнасқан мәмлекетлердиң саны | 60 тан аслам |
| Урысқа қатнасқан мәмлекетлердиң халқының саны | 1,7 млрдтан аслам адам |
| Урыс ҳәрекетиниң улыўма майданы | 22 млн кв. км. |
| Қуралллы күшлерге мобилизицияланған адамлардың саны | 110 млн. адамнан аслам |
| Жарадар ҳәм майып болғанлар | 90 млн. адамнан артық |
| Материаллық шығынлар (миллиард долларда) | 4000 |
| Соның ишинде тиккелей әскерий шығынлар | 1117 |

* *аншлюс (нем. — қосып алыў) — 1938-жылы Австрияны күш пенен Германияға қосып алыў.*

** *“Новейшая история (1939—1992)”. В. К. Фураев ред., М., 1993 ж.*

**Биринши ҳәм Екинши жер жүзилик урысларда набыт болғанлардың улыўма саны:**

**1914 - 1918 жж.**
**10 миллионнан аслам адам***



**1939 - 1945 жж.**
**50 миллионнан аслам адам***



**?** **2.** *Бүлгиншиликлердиң ҳәм адамлардың набыт болыўының бундай көлеминен қутылыўға БМШ Уставы бүгин қаншелли дәрежеде мүмкиншилик береди?*

БМШ "салқын урысты"** иркиўге үлкен үлес қосты. Өткен елиў жыл ишинде БМШ урыслардың алдын алыў, айрым конфликтлерди (мәселен, Кипрдеги, Ангола ҳәм Ливандағы) шешиў бойынша бир қатар илажларды иске асырды. Бирақ соған қарамастан қураллы конфликтлер бәри бир болып атыр ҳәм көбинесе узақ жыллар даўам етпекте.

**?** **3.** *Сиз БМШ дүзилген ўақыттан берли ҳәм "салқын урыс" тамам болғанға шекем жүз берген усындай урыслар ҳаққында бир неше мысал келтире аласыз ба?*

* *Б. Ц. Урланис "История военных потерь". С-П., 1994-ж.*

** ***"салқын урыс"*** *— Екинши жер жүзилик урыстан соң еки жер жүзилик [illegible] қарама-қарсылығын билдиретуғын термин.*

## СТАТИСТИКА

СТАТИСТИКА

Екинши жер жүзилик урыстан кейин дүньяда **150** үлкен хәм киши урыслар болды.

**Х. П. Гассер**
**"Халықаралық гуманитарлық ҳуқық", М., 1995**

"Салқын урыс"тың тамам болыўы көпшилик адамлардың жүрегинде буннан былай турақлы халықаралық қатнасықлар хәм пүткил жер жүзинде тынышлықты сақлаўдың тийкарғы белгилери болып есапланған жаңа жер жүзилик тәртип орнатылыўы мүмкин деген үмитти пайда етти.

**4.** *Атап көрсетилген континентлерде 90-жыллардан баслап жүз берген қуралды соқлығысыўларды еске түсириўге ҳәрекет етиңиз.*



# ОЙЛАНЫП КӨРИҢ !

**БМШ, басқа да халықаралық бирлеспелер ҳәм шөлкемлер урыстың алдын алыў ушын миллиард-миллиард қаржы жумсап атыр. Бирақ урыслар даўам етип атыр. Урыссыз бир де-бир күн жоқ.**

**И. А. Каримов “Бизиң мақсетимиз — тынышлық, турақлылық, бирге ислесиў”, Т., 1995**

**5.** *Не ушын ҳәзирги ўақытта жер жүзинде урысты пүткиллей сапластырыў мүмкин емес?*

Мәмлекетлер пайда болмастан бурын-ақ күш көрсетиўдиң ақыбетлерин азайтыў мақсетинде көзде тутқан қағыйдалар дүзилгени тарийхтан белгили. Өткен сабақларда сизлер ҳәр қыйлы жағдайларда усындай қағыйдаларға адамлардың қатнаслары ҳаққындағы мағлыўматлар менен танысқан едиңиз.

**6.** *Өткен сабақлардың материалларынан пайдаланып ҳәм өзлериңиздиң билимиңиз бенен мине усындай қағыйдаларға мысал келтириң ҳәм кестени толтырыўға ҳәрекет етиң.*



| Дәўир | Күш көрсетиўлердиң ақыбетлерин шеклеўши қағыйдалар |
|---|---|
| Әййемги әсирлер | |
| Орта әсирлер | |
| XVI–XIX әсирлер | |
| XX әсир | |

**7.** *“Күш көрсетиўлердиң ақыбетлерин шеклейтуғын қағыйдалардың” мазмуны қалай ҳәм не себептен раўажланып атыр?*

Бул жерде бизлер Женева Конвенцияларының хәм оған еки Қосымша Протоколдың тийкары болып табылатуғын қағыйдалардың негизги мәнисин усынамыз.

## Халықаралық Гуманитарлық Ҳуқық (ХГҲ) тың қураллы соқлығысыўларда қолланылатуғын негизги қағыйдалары

1. Жарақатланып қатардан шыққанлар, сондай-ақ әскерий хәрекетлерге тиккелей қатнаспай атырғанлар өз өмирине ҳүрмет, руўхый хәм тәнине қол қатылмаслық ҳуқықына ийе. Ҳәркандай жағдайларда олар ҳеш бир дискриминациясыз* қорғалыўға, адамлар қатары ҳүрметлениўге ҳақылы.

2. Тутқынға түскен ямаса жараланып қатардан шыққан душпанды өлтириў ямаса майырыў қадаған етиледи.

3. Жарадарлар хәм наўқаслар соқлығысыўшы тәреплердиң қайсысыныки болыўына қарамастан жыйнап әкелиниўи хәм ғамхорлыққа алыныўы тийис. Медициналық хызметкерлер, олардың мәкемелери, транспорт қураллары да қорғаў астына алынады. Қызыл атанақ хәм қызыл ярым ай эмблемасы бундай қорғаудың ҳуқықын аңлатады хәм оларға ҳүрмет көрсетилиўи тийис.

4. Душпанның қол астында қалған аймақларда тутқынға алынған саўаш қатнасыўшылары хәм пукаралар өмирине, қәдир-қымбатына, жеке ҳуқықларына хәм исенимлерине ҳүрмет көрсетилиўине хақылы. Олар күш көрсетиўлерден хәм репрес-

* *Дискриминация — адамлардың қандай бир топарының ҳуқықларын кемситиў.*

— *өз-ара жәрдем;*
— *хызмет көрсетиў;*
— *тилеклеслик;*
— *миннет*
— *пайда;*
— *ҳүрмет етиў;*
— *өз мәпин ойлаў;*
— *бирлик;*
— *қызығыў.*

**3.** *Сизлер таңлап алған сөзлер тийкарында ҳашар сөзин тәрийплеп бериң.*

**Биринши гүррин.**

Ғарры улы менен бирге жасайтуғын еди. Ғарры камбағал, бирақ сақаўатлы еди. Өмири бойы ол мүтәж адамларға қалыс жәрдем беретуғын еди. Лекин, ол басқаларға жәрдем берип, өз улына жай салыуға үлгермеди. Өлим алдынан ол улына былай деди:

"Улым, ел менен бирге бол. Олар сени аўыр аўхалда калдырмайды". Ҳақыйқатында да ғаррыны жерлеў ушын ағайын-туўғанлар, қонсы-қобалар келди. Олар — "Көп қапа бола берме, әкең неше мәрте аўырымызды жеңил қылған еди. Енди бизлер де саған жәрдем беремиз", — деди.

Ҳашар шөлкемлестирилип, барлығы бирлесип жигитке жаңа жай салып берди. Өз ықтыярлары менен қалыс жумыс иследи, ҳәтте берген жәрдеми ушын миннетдаршылық та талап етпеди.

**4.** *Айтыңыз, сизиңше "ықтыярлы" жәрдем бериў деген нени аңлатады?*

**5.** *Өз турмысыңызда жәрдем бериўден бас тартқан жағдай болды ма? Еске түсириң. Ҳашарға келмеўдиң мүмкин болған барлық себеплерин талқылаң.*

**6.** *Егер ҳашар шөлкемлестирилип, адамлар жәрдем бермегенде, жигиттиң тағдири қандай болған болар еди?*

**Жағдай.**

Ҳашар өткерилмекте. Гербишлерди түсирип ҳәўлиге тасыў керек. Же... досты шақырылды. Олар сапқа турып, гербишлерди қолдан қолға уза... жумысты тез орынлаўы керек еди. Бирақ негедур тек үш адам келди.



?

**7.** *Ҳашарға қандай мақсет пенен келеди?*

**8.** *Енди сиз биринши сораўға берген жуўабыңызды жетинши сораўға берген жуўабыңыз бенен салыстырың.*

**9.** *Ҳашарға келмегенлердиң жумысқа тәсири қандай болады?*

**10.** *Көз алдыңызға келтириң, келмеген досларыңыз жумыс ислегиси ҳәм ҳәтте жәрдем бергиси де келмеди. Бирақ олар келиўин келсе де, жәрдем бермеўи, ислегендей болып, ҳаслында жумыс ислемеўи де мүмкин еди. Демек, ҳашарға келип, жәрдем бермеўи де мүмкин екен. Олай болса ҳашарда не әҳмийетли:*

***— шын кеўили менен қатнасыў:***

***— көзабаға қатнасыў:***

***— жумысты тамамлаў:***

**11.** *Ҳашарсыз өтиўи қыйын болған иләжлар ямаса өмир гезеңлери туўралы айтып бериң?*

*Усы илажларды ҳашарсыз қалай етип өткериў мүмкин екенлиги туўралы айтып бериң.*

фикациялады.* Бул бөлимге аса кеткен мийримсизлик формаларын пухара халыққа ҳәм қураллы конфликтлер жағдайларында қураллаbooрын таслаған жауынгерлерге қолланыўды шеклейтуғын нызамлар киргизилген.

* *ратификация — мәмлекет тәрепинен қол қойылған халықаралық шәртнаманың сол мәмлекеттиң ҳүкиметлик жоқары органы тәрепинен тастыйқланыўы.*

**11.** *Түсиндирип бериң, жер жүзиниң ҳәр қандай мәмлекети ушын урыстың келип шығыў қәўипи болыўы мүмкин бе?*

**12.** *Ҳәр қыйлы халықаралық шәртнамаларға ҳәм соның ишинде Женева Конвенцияларына қол қойыў менен Өзбекстан өзине қандай миннетлемелер алды?*

## ТАПСЫРМА

***Орта Азиядағы регионаллық конфликтлерди шешиўде бул халықаралық ҳүжжетлер қалайынша Өзбекстанның ролин ҳәм абыройын көтергени туўралы реферат жазың.***



Екинши бап

# МЕН

# ҳәм адамлар



## ҲАШАР

Өзбек, қарақалпақ халықларында бай дәстүрлер бар. Олардың бири ҳашар. Бул қарақалпақларда көмек деп аталады. Әййемги заманнан берли ҳашар (көмек бериў) бирер адамның, семьяның, жәмәәттиң белгили бир исти орынлаўда жәрдемге мүтәжлиги болғанда шөлкемлестириледи. Әне сондай пайытта қоңсы-қобалар, дослар, аўылласлар жәрдемге келеди. Бундай ықтыярлы жәмәәт жай салыў, көпир қурыў, жолларды ремонтлаў, салмаларды тазалаў ҳәм қудықларды қазыў зәрүр болғанда шөлкемлеседи. Ҳашар ўақтында адамлар тек көмек бериў менен ғана шекленбестен, өз-ара гүрриңлеседи, солай етип көўилли мийнет етиў жағдайы пайда болады. Турмысымызда биз ҳашар сыяқлы иләжларды тез-тез өткерип турамыз.

**1.** *Әдетте ҳашарға жақынларын ҳәм таныс-билислерин (биреўин таңлаң):*

*— өз жумысын жеңиллестириў ушын;*
*— зерикпеслик ушын;*
*— жумысты тезирек орынлаў ушын;*
*— басқа мақсетлер ушын шақырады.*

**2.** *Төмендеги сөзлердиң қайсы бири ҳашар сөзине мазмуны жағынан жақынырақ келеди:*

салиядан* қорғалыўы тийис. Олар өз шаңарақлары менен хат алысыў ҳәм медициналық жәрдем алыў ҳуқықына ийе.

5. Ҳәр ким юридикалық кепиллик ҳуқықына ийе. Хешким тән ҳәм руўхый азаплаўларға, тән жазаларына, сондай-ақ зорлық жәнe кемситиўлерге гириптар болмаўы тийис.

6. Конфликттеги тәреплер ҳәм олардың әскерий күшлери урыс қуралларынан шекленбеген түрде пайдалана алмайды. Ҳешқандай зәрүрлиги болмаса да үлкен қыйратыўшылық ямаса ҳәдден тыс азапланыўлар алып келиўи мүмкин болған қуралдан пайдаланыў ҳәм саўаш ҳәрекетлери усылларын қолланыў қадаған етиледи.

7. Конфликттеги тәреплер мудамы пуқара халықты ҳәм комбатантларды бир-биринен парықлаўы ҳәм мүмкин болғанынша пуқара халыққа ҳәм малмүликке аяныш көрсетиўи шәрт. Пуқара халықтың ҳәммеси болсын, айырым адамлар болсын — олар ҳүжим объектлери болмаўы тийис. Ҳүжим тек әскерий объектлерге ғана жасалыўы мүмкин.

** **репрессалия** — бир тәрептиң екинши тәрепке қарсы қолланатуғын мәжбүрлеў ҳәрекетлери*

**!**

**Әскерий дәрежесиниң қандай болыўына қарамастан, ҳәрқандай әскерий хызметкер, сондай-ақ қандай хызметти атқарыўына қарамастан ҳәр бир пуқара, егер оның ис-ҳәрекети нызамларға ҳәм халықаралық гуманитарлық ҳуқыққа қайшы болса, ол нызам бойынша жазаға тартылады.**

**Халықаралық Гуманитарлық Ҳуқық қағыйдаларының бузылыўы үлкен жынаят есапланады ҳәм жынаят кодекси тийкарында жазаланады.**

**?**

**8.** *Сизиң пикириңизше, урысты тоқтатыў ҳәм тынышлықты орнатыўға ХГҲ қалайынша жәрдем көрседи.*

**9.** *Усы қағыйдаларға бойсына отырып, урыста қай дәрежеде жеңиске ерисиў мүмкин?*

**10.** *Урысып атырған мәмлекетлер өз мақсетлерине ерисиў ушын ХГҲ ты бузып ҳәрекет етсе, оларды ақлаўға болама? Жуўабыңызды түсиндирип бериң.*

1992-жылы 2-мартта Өзбекстан БМШ қа кирди ҳәм халықаралық жәмийетлесликтиң толық ҳуқықлы ағзасы болды. Бул бизиң мәмлекетимизге БМШ Уставынан келип шығатуғын белгили бир ҳуқық ҳәм ўазыйпаларды жүклейди, қәўипсизликти тәмийинлеўге байланыслы машқалаларды шешиўде оның жуўапкершилигин арттырады.

1999-жылдың басына 188 мәмлекет Женева Конвенцияларына қол қойды. Ал қосымша Протоколлар жөнинде болса, усы ўақытқа 152 мәмлекет I-Протоколға ҳәм 144 мәмлекет II-Протоколға қол қойды. 1999-жылдың 12-августында Женева Конвенцияларының қабыл етилгенлигиниң 50-жыллығы байрамланды.

1993-жылы 3-сентябрьде Өзбекстан басқа мәмлекетлер сыяқлы ХГҲ тың бир бөлими болған Женева Конвенцияларын ҳәм оларға еки Қосымша протоколын рати-



**“Бир адам ҳәмме ушын ҳәм ҳәмме бир адам ушын”**



**12.** *Сиз бул принципти қалай түсинесиз?*

**13.** *Бул принципти ҳашар мысалында түсиндирип бериң.*

**14.** *“Ҳәмме” деген қанша адамды өз ишине алады? Төмендеги сүўретлерге қарап, бул сораўға жуўап бериң.*

**?**

## ҲАШАР БИЗИҢ ТУРМЫСЫМЫЗДА



“Ҳашар” сөзине мәниси жағынан жақын сөзлердиң дизимине қайтадан оралып, усы сүўретлер бойынша қоңысы-қобалардың өз-ара жәрдеми менен тилеклеслигиниң тийкарында қандай принциплер жатырғанын анықлаң.





Бул сүўретлерде 1966 жылы Ташкентте болған жер силкиниўлердиң ақыбетлерин сапластырыўға жәрдем берип атырған пайытлары сәўлелендирилген.







**15.** *Бул **шын кеўили менен** қатнасыў ямаса **көзабаға** қатнасыў көринислери деп айтыўға болама?*

**16.** *Ҳашарды сәўлелендиретуғын сүўретлерден пайдаланып, сизлер усы сыяқлы қандай илажларға қатнасқаныңызды айтып бериң.*

## ОЙЛАНЫП КӨРИҢ !

- Жәрдем қолын соза отырып, бизлер көбинесе кимге жәрдем бериўимиз кереклиги ҳаққында ойланып қаламыз. Сораў пайда болады: жәрдем бериў керек пе, жәрдем бериў маған ҳәм мүтәж адамға қандай әҳмийетке ийе?
- Бизиң әтирапымызда жәрдемге мүтәж адамлар көп. Сиз өз әтирапыңыздағы усындай адамларға қаншелли жийи итибар бересиз?



**17.** *Оларға жәрдем бериў зәрүрлиги дәрежесине қарай дизим дүзиң. Сизиң таңлап алыўыңыздың өлшемлерин ҳәм себеплерин түсиндирип бериң.*

**18.** *Усындай жағдайлардың бирине түсип қалмайтуғыныңызға қаншелли исенимли екениңиз туўралы айтып бериң. Себеплерин айтың.*

**19.** *Адамлардың усындай жағдайларға түсип қалғанлығы туўралы билесиз бе? Бул ҳаққында айтып бериң. Олар сизден қандай жәрдем күтти ҳәм қандай жәрдем оларды ренжиткен болар еди?*

**20.** *Жәмийет усындай адамларға жәрдем берип қандай пайда алады?*

**21.** *Бизиң жәмийетимиз оларға итибар бермеўи мүмкин бе?*

**22.** *Егер оларға итибар берилмейтуғын болса, бул қандай ақыбетлерге алып келиўи мүмкин?*

79-бетте берилген сүўретлердеги адамлар категорияларынан биреўин таңлап алың ҳәм кестени толтырың:

| Мәмлекет олар ушын не ислей алады | Мәмлекет нени ислей алмайды | Сизлер олар ушын не ислей аласыз | Сизлер олар ушын нени ислей алмайсыз |
|---|---|---|---|
| | | | |

**Екинши гүрриң**

Ерли-зайып бирге турар еди. Ери көбинесе үйине мәс халында келип, жәнжел шығарар еди. Оған қоңсылары да жоламас еди. Минез-хулқының жаманлығы себепли оны ҳешким ҳашарға шақырмайтуғын еди. Өзи де бармайды. Бир күни оның жалғыз жақын адамы — ҳаялы қайтыс болды ҳәм ол өзиниң барлық машқалалары менен қара басы қалды. Бул машқалалар қоңсы-қобаларының жәрдеминде шешилер еди. Бирақ...

**23.** *Сизлер усы гүрриң қаҳарманына уқсас адамларға жәрдем бергиңиз келмейтуғыныңыздың бир неше себеплерин айтып бериң.*

**24.** *Қандай себеплерге байланыслы сизлер оларға жәрдем бериўиңиз мүмкинлиги туўралы айтып бериң.*

***Егер жәбиркеш ҳәрекетлерин сиз мақулламайтуғын адам болса ше?***

Классласыңыз сизиң намысыңызға тийди ҳәм оны сизиң достыңыз аямай сабап таслады, ал оның оған қарсылық көрсетиўге шамасы жоқ еди.

Урыста жеңилген душпан елдиң посқынлары.

Сизиң үйден қандай-да бир затты урлап баратырған адам үйден шығып баратырып жарадар болды.

Сизиң ҳүкимиңиздеги жарадар солдат.

**25.** *Бундай жағдайларда оларға жәрдем бере алмайтуғынлығыңыздың себеплерин айтып бериң.*

**26.** *Жеке өкпеңиз жәрдем бериўден бас тартқаныңызды қаншелли ақлайды?*

**27.** *Усындай бас тартыўдың сиз ушын қандайда бир ақыбети бар ма?*

Мәмлекеттиң қоллап-қуўатлаўы хәм пуқаралардың жеке қатнасыўы менен мүтәжларға жәрдем бериўши шөлкемлер бар, Мәселен:

**— тынышлық жағдайында:**

**1.** Қызыл Атанақ хәм Қызыл Ярым Ай Миллий жәмийетлери:

**2.** Қызыл Атанақ хәм Қызыл Ярым Ай жәмийетлериниң Халықаралық Федерациясы:

**— урыс жағдайында:**

**3.** Халықаралық Қызыл Атанақ Комитети (ХҚАК).

Олардың өз-ара бирлесип ислеген хызмети **Қызыл Атанақ хәм Қызыл Ярым Ай Халықаралық Хәрекетин** дүзеди. Хәрекет компонентлериниң хәр бири өзлериниң белгили бир шәраятларында хәрекет етеди.

# Қызыл Атанақ хәм Қызыл Ярым Ай Миллий Жәмийетлери

Ҳәзирги уақытта ҳәр бир мәмлекетте Қызыл Атанақ ямаса Қызыл Ярым Ай Миллий Жәмийети бар. Оларды Миллий Жәмийетлер деп те атайды. Қызыл Атанақ ямаса Қызыл Ярым Ай атамалары арасында ҳеш қандай айырмашылық жоқ. Қызыл Атанақ ҳәм Қызыл Ярым Ай ҳәрекети Швейцарияда пайда болды. Қызыл Атанақ эмблемасы — бул Швейцария байрағы реңлериниң керисинше жайласыўы. Ҳақыйқатында Швейцария байрағы қызыл реңде болып, ондағы Атанақ ақ реңде. Айырым мәмлекетлер Қызыл Ярым Ай көринисин пайдаланыўды абзал көрди.

## Өзбекстан Қызыл Ярым Ай Миллий Жәмийети.

Өзбекстан Қызыл Ярым Ай Жәмийети 1925-жылы 14-ноябрьде дүзилди. 1992-жылдан баслап ҚЯАЖ республиканың өз алдына Миллий Жәмийети болды. 1998-жылдың 5-июлинде Қызыл Ярым Ай Жәмийетиниң гезектеги съездинде И. А. Каримов оның Ҳүрметли Президенти болып сайланды. 1995-жылдың декабринде Өзбекстан ҚЯАМЖ Орта Азияда биринши болып Қызыл Атанақ ҳәм Қызыл Ярым Ай жәмийетлери Халықаралық Федерациясының ағзасы болып қабыл етилди.

## Жәмийет хызметиниң тийкарғы бағдарлары

- — халықтың ең ҳәлсиз қатламларына: жалғыз баслы картайған адамларға, майыпларға, жетим балаларға, көп балалы, кем тәмийинленген шаңарақларға қолынан келген медико-социаллық жәрдем көрсетиў. Бугинги күни Миллий Жәмийетте бир неше жүзлеген қайыр-сақаўат етиўши ҳамширалар хызмет етип атыр, олар мыңлаған жалғыз баслы ғаррыларға ҳәм жүзлеген кем тәмийинленген шаңарақларға қәўендерлик етип атыр. Сондай-ақ мәмлекетимиздиң ҳәр қыйлы қалаларында медико-социаллық орайлар дүзилип атыр;
- — айрықша жағдайларда (тәбиий апатшылықтан, өндирислик аварияларда, экологиялық ҳәм басқа да апатшылықтан) жәбир көргенлерге жәрдем бериўди шөлкемлестириў. Жәмийет тәбий апатшылықтан жәбир көрген Түркия, Қытай, Иран, Пакистан, Тажикстан, Қырғызстан, Молдова, Россия халықларына жәрдем берди. Тек 1998-жылы Миллий Жәмийет суў басқынынан, кушли жаўын-шашыннан, жердиң ығысыўынан

жәбир көрген Өзбекстанның сегиз үәлаятының он мыңлаған шаңаракларына, соның ишинде Шахимардан халқына жәрдем берди.

● — елимиздиң барлық регионларында Халықаралық Гуманитарлық Хуқық (ХГХ) хәм Женева Конвенцияларының тийкарғы режелери ҳаққындағы билимлерди халық арасында таратыў. Ҳәзирги ўақытта ХҚАК тиң Регионаллық ўәкиллиги менен бирликте жоқары оқыў орынлары хәм улыўма билим беретуғын мектеплер ушын арнаўлы бағдарламалар ислеп шығылған.

● –ХҚАК хәм басқа еллердиң Миллий Жәмийетлери менен биргеликте әскерий соқлығысыўлар хәм басқа да айрықша жағдайлардың нәтийжесинде бир-биринен айырылған шанаракларды бирлестириў. ҚЯАМЖниң излеп табыў хызмети бир неше онлаған шаңаракларға бир-бирин табыўға, бирлесиўге ямаса байланыстың әпиўайы каналлары бузылған регионларда хат жазысып турыўға жәрдем берди;

● — оқыў орынларында санитариялық ағартыў жумысларын шөлкемлестириў: биринши медициналық жәрдем бериўге үйретиў, санитариялық постлардың жарысларын, қайырхомлық акцияларын, хар қыйлы конкурсларды шөлкемлестириў.

● Жаслар менен ислесиўдиң жәңе бир бағдары — мектеплер хәм басқа да оқыў орынларында Қызыл Ярым Айдың жаслар клублары ашылып атыр. Бул клублар өз қәлеўи бойынша хәр қыйлы түрдеги жумыслар — қайырхомлық акцияларынан баслап жаслардың бос ўақытларын кеўилли өткериўди шөлкемлестириўге дейин шуғылланады. Басқаларға жәрдем бериўди, өзиниң куш-ғайратын жумсағысы келген, пикирлес адамларды хәм дослар табыўды қәлейтуғын барлық жаслар клубтың ағзалары болыўы мүмкин.

## Қызыл Атанақ хәм Қызыл Ярым Ай жәмийетлеринин Халықаралық Федерациясы

● Бул халықаралық шөлкем барлық Миллий Жәмийетлердиң ўәкиллеринен турады. Оның ўазыйпасы ири табиий апатшылық хәм посқынлардың массалық көшип қоныўы ўақтында жәрдем бериўде Миллий Жәмийетлерди қоллап қуўатлаўдан ибарат.



## Халықаралық Қызыл Атанақ Комитети (ХҚАК)

● **ХҚАК төмендеги шараятларда хәрекет етеди:**

— халықаралық қураллы соқлығысыўларда;

— халықаралық емес Қураллы соқлығысыўларда;

— ишки тәртипсизлик хәм кескинликлерде.

● ***Жәрдем бериў төмендегише әмелге асырылады:***

— азатлықтан айырылғанлар (әскерий хәм пухара тутқынлар)ды оларды тутқынлықта тутыўдың материаллық хәм психологиялық шараятларын тексериў мақсетинде барып көриў;

— урыс ямаса тәбиий апатшылықтың қурбанларына (кеселханаларда, қайта тиклеў орайларында) медициналық жәрдем көрсетиў;

— азық-аўқат, баспана, кийим-кеншек сыяқлы материаллық жетиспеўшиликке дуўшар болған пухара халықты тәмийинлеў;

— шаңарағы хеш қандай хабарға ийе емес, бийдәрек жоғалған деп дағаза етилген жеке адамларды излеў;

— әдетте байланыс қураллары узилген ўақытлары оларды семьялық корреспонденциялар менен тәмийинлеў;

— шаңарақлардың бирлесиўин, репатриацияны* шөлкемлестириў.

### ТАПСЫРМА

***Көз алдыңызға келтириң, сиз Өзбекстан Қызыл Ярым Ай Миллий Жәмийети тәрепинен майып балаларға жәрдем көрсетиў жобасын ислеп шығыўға тартылғансыз. Усы жоба бойынша өз усынысыңызды жазып көриң.***

* ***репатриация*** *—урыстың ақыбетинде өз туўылған жеринен сыртта қалып кеткен пуққаралардың хәм әскерий тутқынлардың ўатанына қайтарылыўы.*



## МЕНИҢ “ӨЗ”ЛИГИМЕ ҚӘЎИП

Адамзат тарийхнның дәслепки дәўирлеринде-ақ адамларда үрп-әдет, дәстүр, яғный қағыйда ҳәм нормалар кәлиплесе баслаған. Адамлардың минез-қулқын, ис-ҳәрекетин басқарып турыўшы усы регуляторлар тарийх даўамында толықтырылып ҳәм өзгерип турған, айырымлары мәжбүрий юридикалық характерге ийе болды.

Қағыйдалар туўылған ўақтымыздан баслап-ақ бизиң турмысымызға еңген ҳәм оларға бойсыныў ямаса ҳәр қыйлы шараятларда оларға бойсынбаў адамлардың катнасын анық болжаў мүмкиншилигин береди. Қағыйдаларды дурыс қолланыўға байланыслы адам алдына қойған мақсетлеринде белгили бир нәтийжеге ериседи.

Бизиң темамызды тусиниў ушын жәмийетте қағыйдаларды пайдаланыў ҳәм нызамларды сақлаў айрықша өҳмийетке ийе. Турмысымыздың ҳәр қыйлы аспектлеринен ҳәм шаңарақ пенен жәмийетте адамнын минез-қулық қағыйдаларынан алынған мысалларды талқылап көриўге ҳәрекет етейик.

Адамлар арасындағы катнасларды усындай етип талқылаў жолы менен бизлер не себептен жәмийетте қағыйдаларды орнатыўға умтылыў әпиўайы қублыс екенлигин, анаў ямаса мынаў жағдайларда қағыйдаларды ақылға муўапық пайдаланыў қаншелли әҳмийетли деген сорауларға, жуўап бериўге ҳәрекет етемиз.

## Қағыйдаларсыз жасаўға бола ма?

Махәлленизде көбирек ушырасатуғын татыўлықта жасаў қағыйдаларынан мысаллар келтириң ҳәм кестени толтырың.

| қағыйдалар | сизге пайдасы | кемшилиги | бойсынбаў ақыбети | бузғаны ушын жазалаў |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

?

**1.** *Сиз ушын оның пайдасы болмаса да бул қағыйдалардың қандай әҳмийети бар?*

**2.** *Егер бул қағыйдаларға бойсыныўды жәмийеттиң мәтибийлиги (диктаты) ретинде көз алдымызға келтирип, бул жағдайда сизиң еркиңиз кемситиледи деп түсинилсе, сиз қандай қағыйдаларды усынған болар едиңиз?*

**3.** *Неге ҳәмме адамлар өзиниң шексиз еркинлиги ҳаққында ойласа да, оны ҳар дайым қорғай алмайды?*

**4.** *Сиз усынып атырған қағыйдалар жәмийеттиң парахат турмысына тәсир жасай ма?*

**5.** *Қандай етип сизиң қағыйдаларыңыз басқаларға зыян тийгизиўи мүмкин? Өзиңиздиң жеке турмысыңыздан буған мысал келтириң.*

**6.** *Сизиң минез-қулқыңыз, ис-ҳәрекетиңиз саналы түрде таңланған ба ямаса қоршап турған әтирап ҳәм жағдайлардың, шараятлардың талаплары менен қалиплескен бе?*

**7.** *Кестени толтырыў ўақтында сиз таңлап алған, улыўма мойынланған қағыйдаларды бузыў ушын сизге нелер түртки болыўы мүмкин?*

## *Қағыйдаларды бузыў зыян бере ме?*

Әйиемгилер “Азатлық тек нызамның саясында ғана жасайды” деген еди. Усы тәртипти “тастыйықлайтуғын” ҳәм “бийкарлайтуғын” улыўма кабыл етилген ис-ҳәрекетлер ҳәм қағыйдаларға өз ерки менен бойсынбай жүрген шаңарақ турмысынан бир неше мысаллар келтириў арқалы көрсетиўге ҳәрекет етиң.

| Қатнас | Қағыйда | Қағыйданы бузыў | Зыяны |
|---|---|---|---|
| Ерли-зайыплылар | | | |
| | | | |
| Әке-ул-қыз | | | |
| | | | |
| Қайынене-келин | | | |
| | | | |
| Оқыўшы-мектеп | | | |
| | | | |

Жәмийет анаў ямаса мынаў шараятларда қандайда бир қағыйданы қабыл етип, жеке адамның еркинлигин белгили бир дәрежеде шеклеп қояды, ямаса еркинликти кеңейтиў шараяты болып хызмет етеди. Әлбетте, жәмийет қағыйдаларда адамлар арасындағы өз-ара қатнасты ретлестириў қуралын, адамларға зыян бермеў гарантын көреди. Бирақ бул қағыйдалар мудамы усындайма?

## ***Қағыйдаларды булжытпай орынлаў дилеммаға* алып келе ме?***

* ***дилемма*** *— еки теңдей имканиятлардан қайсы бирин таңлаў зәрүрлиги.*

Бул сораўды бир жағдай мысалында көрип шығайық.

## 1-ЖАҒДАЙ

*Бир семья бар еди. Ата-аналары қайтыс болғаннан кейин, бул семьяда аға ҳәм ини арасында келиспеўшилик пайда болды. Оның себеби — ағасының балалары бар, бирақ жай салыў ушын ақшасы жоқ еди. Инисиниң де балалары бар. Ол ағасынан өзине жай салып, бөлек шығып кетиўин талап етеди.*







**8.** *Бул жағдайда сиз қандай дилемманы атап өткен болар едиңиз?*

**9.** *Бул дилемманы қалай шешиўге болады?*

**10.** *Егер усы қағыйдалар болмағанда, не болған болар еди?*

**11.** *Өз турмысыңыздан усындай қағыйданың дилемма пайда болыўына себеп болғанлығы туўралы бир мысал келтириң.*

## *Дилемманың шешилиўи*

Келтирилген мысалыңызды талқылаң. Усы мысал тийкарында ди лемманың шешилиўин кестеде көрсетилген жол менен көрсетип бериң.

| Минез-қулық | Унамлы ақыбетлер | Унамсыз ақыбетлер |
|---|---|---|
| Қағыйдаларды қатаң саклайман | | |
| Қағыйдаларды ҳүрметле-мейтмен | | |

**12.** *Қағыйдаларды "ҳүрметлеп" ямаса "ҳүрметлемей" сиз қандай компромисске* барған болар едиңиз?*

Бизлер жоқарыда айтып өткенимиздей, қағыйдалар дослар компаниясында, шаңарақта, мектепте, класста х.т.б. жерде де регулятор кәсийетине ийе.

Келиң, төменде берилген эпизодтағы мағлыўматты анализлеп көрейик, усы эпизод арқалы бизлер қағыйдаларды "ҳүрметлеў" ямаса "ҳүрметлемеў" диң әҳмийетин тереңирек ашып бериўге ҳәрекет етемиз.

## 2-ЖАҒДАЙ

*Сиз класс старостасысыз. Сизиң муғаллимиңиз наўқасланып қалды ҳәм сизге ол жоқта классқа қарап турыўды тапсырды. Усы ўақытта класста жәнжел пайда болады, сизиң досларыңыз денсаулығы нашар класласын сабайжақ болып атыр. Сиз оларды тоқтатыўға урындыңыз, бирақ пайдасы болмады.*

Бундай жағдайда сиз жәнжелди шешиўдиң еки жолын көрип турсыз:

* **компромисс** — *өз-ара келисиў.*

| | |
|---|---|
| 1 | Сиз классласыңыздың денсаўлығы нашар екенин ҳәм оны сабаў аўыр ақыбетлерге алып келетуғынын билсеңизде, олардың нийетлеринен қайтыўға ҳәрекет етпейсиз. |
| 2 | Күш қолланыўды тоқтатыўға өзиңиздиң ҳалсизлигиңизди көрип, досларыңыздың нийетин мектеп директорына хабарламақшысыз, бирақ бунда досларыңыздың жек көрип қалыў имканияты пайда болады. |

- Өзиңиздиң таңлап алған жолыңызды дәлиллеп бериң.
- Урыс жағдайында қағыйдалар менен нызамларды ҳүрметлеў ямаса ҳүрметлемеў мәселесин қарап көрейик.

## 3-ЖАҒДАЙ

*Батальон командири қаланы басып алыў тапсырмасын алған. Ол усы қала турғынларын батальон солдатлары жек көретуғынын биледи.*

*Усыларды билген командир солдатларды ескертеди.*

*Усыларды билген командир солдатларды ескертпейди.*

*Урыс қағыйдалары бойынша саўаш жүргизиў: Ҳаял-қызлар ҳәм балаларға тиймеў, тутқынға алынған адамларды ҳүрметлеў керек.*

*Қаланы басып алғаннан кейин командир солдатлардың ҳаял-қызлардың намысына тийгенин, балаларды сабағанын, тутқынларды атып таслағанын көреди.*

**13.** *Командир бундай жағдайларда усы ўақыялар ушын жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин бе?*

**14.** *Командир солдатларға қандай шаралар қолланыўы тийис.*

## 4-ЖАҒДАЙ

*Батальон аўылға келди. Солдатлар жолда оғада шаршаған, көп ўақыттан берли аўқатланбаған ҳәм олар еле тийисли мәнзилге жетип бараман дегенше көп жүриўи керек. Олар жетип келген аўылда күтә жарлы адамлар жасайды, оның устине олар солдатларды жек көреди. Батальон командири солдатлар аўыл турғынларына хүжим жасаўы ҳәм олардың азық-аўқатлары менен малларын тартып алыўы мүмкин екенин биледи.*

**15.** *Командир қандай шешим қабыл етиўи тийис ҳәм не себептен:*

*— солдатларға халықтың азық-аўқатын тартып алыўға рухсат бере ме?*

*— аўыл халқын азаптан қутқарыў ушын батальонды арман қарай алып кете ме?*

## *МАЗМУНЫ*

*Биринши бап* ***“АДАМ ҲӘМ ЖӘМИЙЕТ”***

Уллы Ибн Сина дәрбадәрлықта ....................................................6

Әмир Темур “Бийликлери” қатарларының изи менен .........16

Әлийшер Наўайы дәўири ҳәм ҳәзирги заман .........................28

Инсаныйлық шегинен сыртта ..................................................40

Ташкентли темирши уста ҳәм урыс балалары ........................50

Регионаллық конфликтлерди шешиўге Өзбекстанның қосқан үлеси ...................................................62

*Екинши бап* ***“МЕН ҲӘМ АДАМЛАР”***

Ҳашар ...........................................................................................74

Мениң “өз”лигиме қәўип .........................................................86

## *Қәдирли достым!*

***Бул оқыў қолланбасы ХҚАК тәрепинен бийпул тарқатылады ҳәм оны 5 жыл даўамында пайдаланыў көзде тутылған.***

***Сиз бул китапты көздиң қарашығындай әлпешлеп услайсыз ҳәм басқа оқыўшыға жақсы аўҳалында тапсырасыз деп үмит етемиз.***

| N | Оқыўшының аты | Китаптан пайдаланған жыл | Китаптың аўҳалын баҳалаў | |
|---|---|---|---|---|
| | | | алған ўақытта | тапсырғанда |
| 1 | | | | |
| 2 | | | | |
| 3 | | | | |
| 4 | | | | |
| 5 | | | | |